Audzu billahiminassaitoonirrojiim
Bismillahirrohmaanirrohiim

Alhamdulillaahirobbil aalamin
kabeh puji kagungan Alloh
pangeran alam sakabeh
nu masihan tulung
ka sakabeh abdi-abdi
anu murah di dunya
ka sakabeh mahluk
sumawona sandang pangan
nya eta pangeran anu leuwih adil
jeung nu asih di aherat

Sanggeus muji kanu murbeng siti
muji deuyi ka kasihing Alloh
nu kagungan umat kabeh
Kanjeng Nabi Rosul
nu nyaah ka abdi-abdi
dohir teka ing aherat
sarehing para rosul
makuta para anbiya
sanggeus pangulama para alabi
Jeng Gusti Nabi Muhammad

Sanggeus muji ka kanjeng nabi sinelir
muji deuyi ka para sohabat
kakasihing nabi sakabeh
sohabat anu kamashur
nya eta Abu Bakar Sidiq Umar Usman Ali Murtado
wadiyallohu anhu

jeung sohabat Muhajir Anshor
reujeung Abas Hamnah lawan Hasan Husen
warodiyallohu taala

Sanggeus putus muji ka sohabat nabi
jisim kuring anu nulis kitab
nurun tina kitab sejen
neda agung nya tabepun
neda punjung nya hampura deui ka kulawarga
ka nu anom ka nu sepuh
ka sakur nu nguping layang
ka sadaya ka pameget jeung ka istri
sumawona ka nu maca

Sareng deuyi paneja sim kuring
mugi-mugi Gusti nu murbeng jagat
masihan tulung gede
ka jisim kuring nu luput
mugi maparin birohim
ka sakur anu dimaksad
mugi padang kalbu
mugi adoh lampah
diparengkeun sagala lampah nu
jeung kuwat ngajaga baya

Sareng deuyi sim kuring hatur mepeling
ka sadaya sakur anu nguping layang
nguping ulah bari cek cok
sing tegep nya ngadarangu
malah mandar jadi hasil
mangpaat kana salira hibar karuhun

disuhunkeun karamatna
supayana jauh balahi salamet diri
karamat wali sadaya

Enya ieu bubukaning tulis
nu dianggit carios sajarah
lampahing para wali kabeh
asalna nu diturun
Basa Jawa tapi ku nu nulis
digentos ka Basa Sunda
amih nu ngadangu
istri pameget sadaya
tambah hartos malah mandar mangpaat ka diri
purwa dongkap kawakasan

Ari anu mimiti didangding
nyaritakeun ratu Pajajaran
waktu ditinggal ngalolos
ku putrana ti karaton
langkung tengtrem manah jeng Gusti
ngan kantun putra dewa
cadang geusan ratu
anu pameget namana Walang Sungsang
ari rayina teh istri
jenengan den Roro Santang

Kacaturkeun putra Prabu Siliwangi
nu ngalolos ti jero nagara
jumlah salapan reyana teh
lima pameget wungkul
ari anu opat istri

sadaya sewang-sewangan
tarapa di gunung
putra anu pang sepuhna
Di jagetra raja nagara kakasih
dua Santang Pertala

Geus ngababakan di Panjang Kuning
tilu rahaden karanag Setera
ka opat semu gumereh (?)
bumina di lebakeun matuh
nu kalima Sekar Sari
istri nu kagenepna
geus mashur ka sebut (?)
Nyi Ratu Tunjung Buwana
di basisir kulon matuhna saung putri
ka tujuh putrana raja

Nu jenengan Nyai Gedeng Curi
bumina teh di Panjang Sagara
basisir kidul pernahna
kadalapan nyai ratu
di Kawali linggihna deuyi
salapan nyi Sekar Bang
bumina nu matuh
nya di Karang Pangantiyan
sadayana putra Prabu Siliwangi
nu ngalolos ti nagara

Kocap deuyi Prabu Siliwangi
dideuheusan ku para ponggawa
Patih Mantri jeung sakabeh

di paseban berhimpun
Prabu Siliwangi ngalahir
karahaden patih Arga
maneh patih <u>mudu</u> (?)
jaga ati-ati pisan
lamun datang urang Arab nagri
tangkeup sarta paehan

Saba kami giruk liwat saking
ka jalma anu sok sambahyang
Muhamad <u>satru</u> (?) aing teh
saha anu muji Rosul
eta tangtu hukum pati
den patih hatur sumangga
dawuhan Sang Prabu
ngundangkeun ka wadya balad
sadayana ulah rek nyembah ka nabi
eta teh sartuning raja

Ka kocapkeun nu jero puri
Putra ratu nama Walang Sungsang
kasmaran imut ka impenan
tepang jeung nabi rosul
saban saban kulem sok ngimpen
saurna Nabi Muhamad
mun maneh hayang luhur
mudu ka gunung Amparan
enya eta guguru agama Nabi
nya eta agama mulya

Ka nu ngaran Pandita seh Jati

nu keur tapa di gunung Amparan
Syeh ti Mekah asalna teh
maneh kudu guru elmu
jaga maneh jadi wali
kaget ngorejat gugah
ngupingkeun piwuruk
tuluy Walang Sungsang angkat
sarta tuluy ngadeuheusan ka rama Gusti
ngajugjug bae Maseban

Eukeur rempak para pawongan mantri
Walang Sungsang sujud kana dampal
serta metu jika saija (?)
langkung gagas Sang Prabu
Siliwangi seug ngalahir
duh eneng putra mama
pigentoseun ratu
mengku nagri Pajajaran
sareng adi Roro Santang nyai putri
Walang Sungsang cedok nyembah

Pek unjukan raden bari nangis
nuhun pisan timbalan jeng rama
gampil kapayuna bae
mun abdi enggeus makbul
geus kapendak impenan sim abdi
kangjeng ratu seug ngandika
agus geura matur
hayang naon putra mama
bisi ujang hayang gaduh garwa geulis
putra raja sejen negara

Ama sanggup ngadatangkeun putri
Syaur deuyi raden Walang Sungsang
bebendu ama sayaktosna
abdi sanes acan nurut
gaduh bojo namung sim abdi
ngimpen parantos tepang
sareng Kang jeng Rosul
saurna jeng Nabi Muhamad
abdi mudu guguru agama nabi
sumangga Kangjeng Rama

Urang anut ka agama suci
urang guru ka gunung Amparan
wawakil Nabi nu kahot
saha anu henteu turut
ka agama disiksa mistri (?)
asup kana naraka
mun Islam geus tangtu
meureun asup ka sawarga
nu jenengan pandita syeh Datuk Kapi
tapa di gunung Amparan

Eta syeh ti Mekah asalna nya bumi
abdi mudu gugur kadinya
saha anu hanteu anut teh
matak kapir geus tangtu
nyaur bendu Sang Siliwangi
ka putrana bari nyentak
aing moal nurut
kana agama Muhamad

eukeur naon teu hayang asup agama
matak mawa sangsara

Matak apes mun jeneng bupati
raden keukeuh haturan ka rama
mendo ming tilu ngagepor
ratu teh tambah bendu
maneh mun teu nurut ka aing
jor mantog sia Sungsang
kaditu sing jauh
kajeun henteu boga anak
jeung nurut mah kana agama nabi
aing teu sudi pisan

Walang Sungsang nyembah bari amit
abdi neda jiyad (?) kangjeng rama
saur ramana geura jor
geus mengker raden tuluy
kangjeng ratu nyaur ka patih
Patih Arga ayeuna
maneh indit mudu
ngundangkeun ka kabeh jalma
Pajajaran ti tapel wates nagri
saha anu ka Amparan

Sumawona kadodokan (?) cicing
anak kami ngaran Walang Sungsang
pasti didengda eta teh
sarta dihukum gantung
jeung dijarah saanak rabi
kitu timbalan raja

patih nampi dawuh
geus mundur tipayun raja
enggal yayi ngundangkeun timbalan gusti
sadayana ponggawa

Prabu Siliwangi mulih
enggeus tepang reujeung garwana
raden patih kacarios
nabeuh bende geus ngungkung
geus kamashur kawates nagri
sawareh omong jalma
aduh gusti Sang Prabu
putra ngan sahiji-hijina
taya deuyi eta nu baris ngaganti
ratu di Pajajaran

Bet ditudung eta ku gusti
watir temen kitu omong jalma
gentos anu dicarios
rahaden putra kacatur
sindang heula ka jero Puri
nepangan ka rayina
di jero Karaton
manahna teu aya liren
nu dianggo kamelang ngan raden putri
nyaur dijero manah

Kuma bae saupami den putri
mun ditinggalkeun tangtu moal aya
nu ngasuh ka dirina teh
aing melang kalangkung

tapi aing lamun teu indit
tangtu
wirang mowal gagal
sabab geus ditundung
nya eta ku kangjeng rama
ngan pamuga ulah lila maneh nyai
nya nyusul ka lampah engkang

Sanggeus nganggo raden putra indit
rundag randeg melang ka raina
geus bijil ti jero karaton
teu aya anu ngamaphum
waktu angkat keur simpe jalma
nyorang leuweung gerotan
mapay-mapay gunung
angkat taya anu diseja
nu puguh mah nurutkeun kereteg ning ati
ngapruk saparan-paran

Eunggeus jauh angkatna ti nagri
cepet ngalayar ka basisir dongkap
ka Karawang dongkapna teh
gentos anu dicatur
di Karawang pandita sidiq
nu jenengan syeh waro
asal ti Mekah punjul
bangsa Qurais utama
serta enggeus beat ka syeh gunung Jati
pandita ngaraga sukma

Kacarios syeh Ora Sidiq

katamuan harita ti Arab
tili tatamu teh
ngaran syeh Duragem tamu
duwa santrina deui
ki tomah reujeung huroma ngarana kasebut
saparahu mawa kitabna
anggeus dongkap ka syeh Karawang katingali
eukeur ngasuh putrana

Syeh Duragem uluk salam gasik
ongkoh bae henteu diwangsulan
nyusul putra bae jongjon
Duro gung usik nyaur
notorogan pandita Jawi
kurang adab jeung hurmat
syeh Ora (?) geus makhum
ning ali usiking manah
tuluy bae syeh Ora mulih ka bumi
nyarioskeun putra enggal

ka garwana ti dinya teu lami
wangsul deui nemotan semahna
bari jeung nyandak pelok
sarta ditunda tuluy
digigireun tatamu tadi
syeh Ora sasauran
haturan nu rawuh
asal sampeyan ti mana
syeh Durogem jawab kula ti Mekah nagri
seja muwapakat kitab

Syeh Durogem lapad ma'na sidiq
ngagorolang nggdukeun kitabna
lapad ma'na kabeh seep
syeh Ora teu ngagugu
gurus keneh daluwang mangsi
mana jatining sahadat kalimah nu monjud (?)
Durogem males ngajawab
geus mupakat hal kalimah sahadati
ti Mekah terus ka Jawa

Sabot eukeur marebutkeun ilmi
pelok tadi tea geus buwahan
Durogem heran tataros
buwah naon nu lanun
Ki syeh Ora ngawangsul deui
iyeu teh buwah manggah
Syeh Durogem matur
kawula nyuhunkeun buah
geus ngadahar jeung santrina teu kari
buah manggah enggeus beak

Harita waktu geus manjing
syeh Durogem naros ka syeh Ora
aya kulah didiyeu teh
syeh Ora lajeng nyaur
ka garwana nyi Ora bijil
barina jeung nyandak ruwas
awi ngan sabuku
nya eta cai eusum
tuluy bari dibikeun ka semah tadi
tah ieu pakulahan

Paranti wudu jeung mandi
syeh Durogem kaget ngawalonan
kumaha petana bae
cai sakeclak mutuh
urang jawa kurang peryogi
jadi wadahna ruwas
dianggo kekemu
oge tangtu eta beyak
seug tidinya syeh ngalahir deuyi
tuwan masing percaya

Mun teu percaya ka Maha suci
mangga tuwan asup kana ruwas
Durogem ngandika alon
maun kawula bisa asup
kana ieu ruwas awi
kawula seja tobat katuwan rek guru
syeh Ora tidinya enggal
jalma tilu diasupkeun kana awi
semah teh heran manahna

Semah gegeroan dina ruwas awi
sabab geus teu katingal daratan
ngeplak tembong laut kabeh
syeh Durogem tuluy nyaur
aduh tobat sang Ora kuring
mugi dihampura
geus dijait tuluy
catur gancang carita
syeh Durogem geus asup wirid

ka syeh Ora Karawang

Syeh Durogem tuluy nyaur istri
anu ngaran Ki Toat Hurmat
maneh geura balik bae
kitab nu saparahu piceun bae ku maneh santri
Toat, Hurmat geus mangkat
Mekah nu dijugjug
kitabna geus dipiceun
tunda bae Toat, Hurmat geus balik
Durogem keur mandita

Kacaturkeun Walang Sungsang sumping
langkung kaget syeh Ora ningalan
sarta pok mariksa bae
asal ti mana lembur
sareng saha deui kakasih
ngawangsul raden putra
ngaran nu kasebut
sim kuring pun Walang Sungsang
Pajajaran asal putra Siliwangi
syeh Ora geus uninga

Yen putra Prabu Siliwangi
bakal jadi bibiting auliya
ngabuka sareat kabeh
syeh Ora anu dicatur
henteu kersa miwejang ilmi
tacan idin guruna
tuluy bae nyaur
rahaden lamun kitu mah

jug-jug bae gunung Amparan indit
di dinya geus tangtu aya

Pandita jenengan syeh Jati
saenyana eta guru bapa
jeung deuyi ti dieu pernahna teh
ngetan cepet nya maju
Walang Sungsang ti dinya pamit
sarta geus diwidiyan
raden angkat laju
seja ka gunung Amparan
laju eta neangan syeh Gunung Jati
eunggeus lepas angkatna

Nyorang gunung lebak reujeung pasir
tara kulem sumawona dahar
gancangna geus dongkap bae
ka gunung Sari tuluy
ngadeuheus ka pandita leuwih
eta teh pandita Buda
Danu warsi mashur
raden lajeng dipariksa
agus anu ti mana asal nagri
jeung saha nya jenengan

Raden ngawangsul tapdin
jisim kuring asal Pajajaran
pun Walang Sungsang ngaran teh
ari bapa jadi ratu
Pajajaran Siliwangi
purwa sim kuring dongkap

ka diyeu ditundung
sabab kagiruk pun bapa
taya liyan ka nu sok resep agama
agama rosululloh

Huleng syeh pandita kalahir
geus ningali bibiting auliya
di nusa jawa sakabeh
tereh magelaran tangtu
iyeu eunggeus deukeut ka jangji
lamun agama buda
digentos ku Rosul
sare’at nabi Muhamad
Walang Sungsang matur nyembah
serta ta’dim
naroskeun ka pandita

Pangapunten bae jisim kuring
seja naroskeun gunung Amparan
lebah mana ti diyeu teh
nya eta arek guguru
ka pandita agama suci
Danuwarsi ngandika
di diyeu mah luput
teu aya elmu agama
sareng deui bapa teh kakara nguping
kangaranan elmu agama

Ngan baheula bapa enggeus nguping
jaman buda eta geus disebat
kitab mustaka jamus teh

yen jaga putra para ratu
Siliwangi bakal ganti agama
agama anu mulya saenyana kitu
mun hayang nyaho ka Alloh
tampa heula elmu kabudaan aji
catur jatining asal

Sandemeh urang aya dilahir
hirup urang di mana ayana
jeung nu aya naon tateh
gampang agama rosul
kudu tinu anu jadi tali
nya eta anu disebat
jatining hirup
reujeung hirup urang teya
saha eta anu ngahuripkeun deuyi
mun gering sing waspada

Eta saha yaktosna anu gering
lamun paeh urang teh kumaha
poma-poma sing waspaos
bijil atawana asup
lamun bijil kumaha deui sabaraha jauhna
jeung deuyi mun asup
ata sabaraha deukeutna
jeung di mana tempatna sing sidik
pangawangsul Walang Sungsang

Nun sumuhun sang pandita mugi
ka sim kuring kersa miwejang
gancangna carios bae

Walang Sungsang diwuruk
geus ningali jatining hurip
sareng jatining eta
sadaya geus putus
seep elmu kabudaan
tunda heula raden keur guguru ilmi
geus meunang salapan bulan

Kocap anu kantun di jero puri
Pajajaran Nyai Roro Santang
kalangkung tina prihatos (?)
reh lami di kadaton
ngantos raka teu geura sumping
geus lami teu kapendak
angkatna teu puguh
geus kitu den Roro Santang
nguping wartos ti para emban tur sidik
yen raka dibenduan

Serta ditundung ku Kangjeng Gusti
langkung, welas Nyai Roro Santang
duh engkang kumaha bae
kuring seja arek nyusul
rada ewed manahna den putri
rehna ditaluguran
ku emban jeung babu
beurang peuting henteu pisah
para emban ngajaga kanyai putri
siligenti salawasna

Roro Santang nu dicatur

niyat ngalolos ti peuting
harita emban geus tibra
wancina kira janari
kaluar ti jero puri
henteu aya nu ningali

Kadaton enggeus kapungkur
geus lepas angkatna putri
beurang peuting leuleuweungan
nyorang lebak reejeung pasir
teu puguh anu diseja
Roro Santang nyai putri

Unggah gunung turun gunung
teu tuang teu leueut cai
bawa ning hayang patepang
jeung saderek raden putri
tunda heula nu keur angkat
kakocapkeun di jero puri

Para emban kabeh geus ngaguruh
langkung nalangsa careurik
tuluy unjukan ka raja
gusti abdi tur tingali
ayeuna putra gamparan
ngalolos waktu ti peuting

Parameswari langkung gugup
ngersakeun ka kangjeng gusti
bari jeung nangis sasambat
kangjeng raja kitu deui

aduh eneng putri mama
naha mama ihlas teuing

Saha nu ngaganti ratu
di Pajajaran nagri
enggal Sang Raja nimbalan
ka raden Arga Patih
geuwat patih maneh iyang
pangneyangkeun den putri

Lamun tacan hasil maksud
tegesna tacan kapanggih
maneh ulah waka mulang
sumangga piunjuk patih
parantos tuntas timbulan
jisim abdi pamit indit

Geus kawidian ku ratu
Siliwangi tuluy mulih
jeung gerwa ka jero pura
Raden Patih eunggeus indit
geus kapungkur Pajajaran
lepas angkatna den Patih

Di jalan henteu kacatur
ka Taji Malela sumping
tepung sareng hiji ajar
tegesna pandeta leuwih
Den Patih masih di dinya
jadi santri Ajar Sidik

Tetep salawasna hirup
Patih henteu mulih deui
ka nagara Pajajaran
jenengan enggeus dilandi
nelah Dawung Awuk eta
Medang Kamulyan Dipati

Tunda ayeuna dicatur
nu keur angkat beurang peuting
nyorang pirang-pirang tegal
sapanjang jalan nangis
teu pegat nyusut cisoca
sasambatna melas-melis

Engkang kamana nyusul
antosan ieu sim kuring
di leuweung eukeur sangsara
kapaider beurang peuting
reya pisan sato galak
Den Putri jeung bari ngajerit

Belug tuluy Den Putri labuh
dina taneuh henteu eling
matak watir mun katingal
lalampahan Nyai Putri
teu lila tuluy kapendak
ku Nyai Endang Saketi

Di Gunung Tangkubanparahu
tuluy dipontok Den Putri
serta tuluy ditangisan

aduh eneng putra aing
Roro Santang enggeus gugah
geus ngalilir Raden Putri

Nyi Saketi gasik nyaur
mariksa ka Raden Putri
nyai teh anu ti mana
sareng saha ngaran nyai
sareng na arek ka mana
Roro Santang matur takdim

Jisim kuring putra ratu
Pajajaran Siliwangi
nu nelah pun Roro Santang
nyusul dulur sim kuring
nu wasta pun Walang Sungsang
ditundung ku Kangjeng Gusti

Kaget Nyi Endang ngarangkul
kutan ieu anak aing
bisi nyai teu uninga
nyai teh perenah bibi
ari Siliwangi teya
saenyana lanceuk embi

Embi saderek nu bungsu
Sepi Rasa ngaran embi
turunan ti maha raja
nu jenengan Celeng Saranggi (?)
ari karep nyai eta
eta rempung liwat saking

Nya eta rek neyang dulur
anu lolos ti nagri
tapi teu bisa mekelan
ngan ieu mulyana nyai
jimat raksukan nu ngaran
anter kusumah ti ipri (?)

Kasiatna eta baju
lamun dipake ku nyai
bisa ngambah awang-awang
raksukan enggeus ditampi
sarta dianggo harita
ku Roro Santang den Putri

Nyai Endang mindo nyaur
jeung nyai mundu dilandi
nyai batin eta meujeuhna
kitu deui maneh nyai
ti dieu teh mudu lempang
ka gunung Cikung indit

Eta di gunung Ciliyung
di dinya eta nu sakti
hanteu aya dua tilu
eta sajatining hurip
anu tembong teu katingal
dina sajeroning ati
nyaeta pura wisesa
eta cahaya anu hurip

Tunda anu eukeur tapakur
kocap deuyi nyai putri
harita sumping kadinya
tuluy munjungan sakali
Sang pandita pek mariksa
ti mana asal nyi putri

Jeung saha ngaran nu tangtu
anu matak maneh wani
asip kana patapaan
Roro Santang matur ta’dim
sim kuring ti Pajajaran
Putra Prabu Siliwangi

Pun Roro Santang nu nyebut
anu mawi kumawani
dongkap kapayun ajengan
keur neangan dulur abdi
nu wasta pun Walang Sungsang
nu mawi kadieu mampir

Sang pandita lawas nyaur
euweuh didieu mah nyai
dulur maneh Walang Sungsang
teangan kawetan henjing
di dinya aya pandita
anu calik di gunung marpi (?)

Sang Danuwarsi kasebut
kitu deuyi maneh nyai
ku enyang dilandi ngaran

pantes nelah nyai eling
pasti kersaning yang sukma
lamun jaga putra nyai

Bakal jadi wali kutub
wawakilna Kangjeng Nabi
reujeung deuyi ditalukan
ku eusining bumi langit
nu jenengan kangjeng Sultan
Sinuhun mangku agama

Roro Santang nyembah matur
ka pandita anggeus pamit
kaidinan lajeng mangkat
Putri nyorang leuweung deuyi
unggah gunung turun lebak
henteu eureun beurang peuting

Tunda anu dicatur
Sang pandita Danuwarsi
nu keur ngawuruk santrina
nya eta ka raden manteri
catur pandita asalna
ti Dieng pandita leuwi

Duwa rencangna kapungkur
katilu Sang Danu Warsi
di gunung Singkup (?) saurang
kaduwa di gunung Kumbing
ceuk pitutu kitab Akso
Sang pandita Danu Warsi

Geus beak murukna ilmu
kabudaan geus ditampi
ku Rahaden Walang Sungsang
sadayana geus kaharti
ngan kantun ilmu agama
anu teu acan kapanggih

Sang Pandita alon nyaur
bapa mah tacan ningali
nu ngaran ilmu agama
mudu neyangan deuyi
sugan aya nu boga
raden mudu guru deuyi

Gentos deuyi nu dicatur
kocap Roro Santang sumping
sarta tuluy bae nyembah
ka Pandita Danu Warsi
Sang pandita pek mariksa
bageya nu anyar sumping

Ti mana nya lembur matuh
sareng saha ngaran nyai
matur nyembah Roro Santang
kuring putra Siliwangi
raja nagri Pajajaran
neyangan dulur sim kuring

Pun Walang Sungsang ditundung
numawi kadieu mampir

kuring langkung hayang tepang
neyangan parantos lami
pandita kaget manahna
pandita nyaur deuyi mantri

Geuwat-geuwat dieu agus
iyeu dulur raden sumping
Walang Sungsang angkat enggal
kaget ningal den putri
dirontok ku Sang Walang Sungsang
duwanana pada nangis

Nyai dulur engkang estu
naha saha rencang nyai
matur nyai Roro Santang
pun jisim kuring perbadi
teu pisan ngabantun rencang
nyai putri bari nangis

Danuwarsi alon nyaur
meunggeus putra montong nangis
balik ieu mudu tampa
ngaran ampal ali-ali
lelepen anu baheula
hasiatna leuwih sakti

Amot sagara jeung gunung
aya bumi aya langit
sakumaha alam dunya
Walang Sungsang enggeus nampi
lelepen dianggo enggal

awor kulit eujeung daging

Sang pandita deuyi nyaur
jeung ieu bapa maparin
Putra bapa anggo garwa
anu ngaran Indang Geulis
Walang Sungsang enggeus nikah
ka Putri pandita Sidik

Kana lelepen geus asup
Roro Santang Indang Geulis
Raden putra enggeus pamit deuyi
Sang pandita nyaur deui
Raden mudu pindah ngaran
jenengan Somadulloh

Jeung mudu leumpang ka gunung
Ciangkup ngaranna deuyi
didinya aya pandita
Sangiyang Nenggo langkung wulangit (?)
Somadulloh enggeus jengkar
lepas lampahna den putra

Nyorang pirang-pirang gunung
neangan Sang Gunung Jati
tunda anu keur lumampah
kocap nu keur tapa lali
Sangiyang Nenggo sabutna
langkung kasmaran ka Gusti

Pandita Buda geus leuwih

di gunung Singkup keur tapa
tapi tacan aya keneh
tataning ilmu sare'at
wantu pandita buda
keur sujud ka Dewa Agung
henteunaya tingal duwa

Ngan cipta diri pribadi
nu tembong teu katingalan
jatining sukma eta teh
lir upama surya kembar
sajatining hurip pisan
Sang pandita langkung sujud
henteu pegat pancalriya

Tunda anu barangta kingkin
sumujud ka den mulya
kocap deuyi dicarios
eta Raden Somadulloh
tegas ngadeuheus ka pandita
Sanghiyang Nenggo lajeng nyaur
Mariksa ka Somadulloh

Bagea anu anyar sumping
Rahaden anu timana
Somadulloh matur alon
jisim kuring ti Pajajaran
wasta pun Somadulloh
sim kuring hayang guguru
Agama Nabi Muhamad

Sanghiyang Nenggo nyaur manis
didieu mah henteu aya
Bapa kakara ngadenge
nu ngaran elmu agama
ngan bapa teh nguping warta
Kitab buda geus kasebut
yen eta agama buda

Diganti agama Nabi
kitu ceuk pitutur kitab
Mustaka Jamus geus tangtos
papagem agama buda
sarengna eunggeus kasebat
nu baris jadi pupucuk
ngabuka elmu agama

Asalna ti ujang pasti
di Jawa aya agama
tapi bapa hanteu ngartos
ka eta agama mulya
ngan iyeu pikeun sarat
lamun ujang hayang punjul
golok ceng mudu tampa

Iyeu golok leuwih sakti
bisa ngambah awang-awang
kitu deuyi bisa ngomong
sakumaha adat jalma
jeung raden diganti ngaran
kiyaki sangkan panuju
bibitna agama mulya

Geura bral ka Gunung Kumbing
didinya aya pandita
sipat oray pandita teh
ngadeuheus raden kadinya
sababna aya pusaka
ata jimat mudu pundut
bapa darma tuduh jalan

Raden putra enggeus pamit
jengkar lepas angkatna
neyangan guru nu kahot
angkat ti peuting ti beurang
teu aya pisan eureuna
hanteu dahar hanteu nginum
ngiras jadi pangtapana

Neyangan pandita leuwih
tunda heula anu angkat
kocap nu keur tapa jongjon
eta Sang pandita Naga
anu keur ngajaga jimat
pusaka buda karuhun
ngaran umbul-umbul tea

Jeung turna kopeyah warnung (?)
nya eta nu dutungguan
tapi darma mungguan
henteu meunang ngabogaan
kusabab lain milikna
mun jaga aya nu cunduk

putra raja Pajajaran

Nya eta nu boga milik
atawa anu ngabogaan
mundu dipasrahkeun bae
nya eta bibiting audiya
Sang Naga ngatakeun jisim
kawawang siting dewa Agung
di Gunung Kumbing tapana

Henteu lila jebul sumping
eta Raden Walang Sungsang
tuluy ngadeuheus baye
Pek Sangiyang Naga mariksa
sarta kaget jero manah
bagea nu anyar rawuh
Rahaden anu ti mana

Sareng saha nya kakasih
serta rek angkat kamana
raden putra matur alon
sim kuring ti Pajajaran
nama sim kuring Walang Sungsang
sim kuring neyangan guru
seja ka gunung Anjana

Sang Naga pek nyaur deuyi
aki teu nyaho agama
kakara pisan ngadenge
aki iyeu mere surat
jimat ngaran umbul-umbul

wasiatna waong jawa buda

Kasiatna geus pasti
mun jimat dipake perang
sok kapaider musuh teh
teu nyahoeun batur mah
kasiyatna matak teguh
henteu teurak ku pakarang

Jeung ieu kopeah waring
sok teu katingal ku jalma
jeung dipikasieun baye
ku jin jeung setan siluman
sadaya enggeus ditampi
Sanghiyang Naga mando nyaur
jeung aki mere jenengan

Somadulloh nya kakasih
pasti kersaning yang sukma
bibiting auliya gede
ngabuka elmu agama
lantaran ti raden putra
sareng raden mudu laju
ka gunung Cangak (?) nya angkat

Ngimpen aya jimat deuyi
panjang bereh pendil waja
kasiyatna leuwih aheng
Kodatulloh lajeng jengkar
angkatna geus jauh pisan
gunung Kumbing geus kapungkur

ti dinya ngaler angkatna

Tunda ayeuna kocap deuyi
kocapkeun di gunung Cangak
nya eta Sang Ratu Bango
dideuheusan wadiya balad
pepek jeung para ponggawa
Sang Ratu Bango ngadawuh
patih gancang enggal dangdan

Jeung sakabeh para bupati
ku maneh kudu timbalan
sabab aing arek moro
salawasna jadi raja
aing teh tacan ngarasa
meunang sorangan saena
Den patih hatur sumangga

Geus pendak para bupati
lajeng baye ratu angkat
diiring ku menteri kabeh
tengera ngungkung disada
geus rame di awang-awang
sang ratu geus gentos semu
henteu nganggo karajaan

Jadi sipat bako naksi (?)
ngalayang di awang-awang
henteu lila eunteup bae
sadaya kana kiyara
pinuh ku manuk sadaya

pateyup (?) luhureun kayu
kocap keuna den Kodatulloh

Angkatna teh enggeus nepi
ka deukeut tangkal kiyara
Raden ningal langkung kaget
manuk sakuti nyanak
geus ngaguruh sowarana
Rahaden emut kapungkur
wasiatna sahiyang Naga

Sakiu nganggo kopeah waring
serta bari ngadeukeutan
tangkal kiyara nu gede
Kadatulloh teu ningal
ku manuk sadayana
kasiyat kopeah punjul
matak megatkeun paningal

Enggeus sidik Raden ningali ka luhur
taya antarana deuyi
eunteupna di luhur kayu
peteyep sapeun tur pipit (?)
dahan kabeh eusi bango

Kadatulloh nyaur sajeroning raga
kumaha petana kenging
aing iyeu rada euwuh
kumaha akalna deuyi
ambeh beunang eta bango

Kadatulloh ningal awi gede alus
seug dipotong eta awi
sarta dijieun buku
tuluy dipasang sakali
dina dahan geus gumantung

Kakocapkeun Sangiyang enggeus asup
enggeus sipat langak cai
bango ningal kana languk
deleg nyampeurkeun sakali
rek asup ka jero badawang

Ratu bango geus ngagimbung
tapi ribung liwat saking
neyangan panto teu timu
sumawona bango manteri
ngiring isin
ku Sang bango katong

Teu waniyeun deukeut eta katong ratu
raja bango langkung ginding
dedegna gede tur pulur
buluna hideung lir mangsi
lir samberhan mencrong

Ratu bango nguriling neyangan pintu
hanas lila teu kapanggih
Ratu bango langkung bingung saur
lauk di teureuyan sakali
bijil neyangan panto

Na kamana
teu kapanggih ratu bango langkung bingung
nyaur sajeroning ati
iyeu aing bisa asup
tapi henteu bisa bijil
kamana neyangan panto

Awas ningal den putra enggal ngaburu
atuh leuwih untung aing
meunang bango enggeus tangtu
bango dicangcang sakali
sukuna geus diborogod

Kadatulloh galakna geus dicatur
kersana arek dipeuncit
Sangiang bango tuluy matur
atuh raden beuheung kuring
paralun ulah dipotong

Diteb-ditebus bae ayeuna ku barana alus
atuh kuring ulah dipeuncit
Kadatulloh tuluy nyaur
lamun enya omong palias
heug ku kami moal dipotong

Sakumaha pamenta maneh diturut
maneh dihirupan pasti
Ratu bango ti dinya nyaur
naon pamundut ka kuring
moal datang ka mogok

Kadatulloh tuluy mindo deuyi nyaur
panyang beunang pendil beusi
ku kami nu dipundut
huleng bango bari mikir
dibikeun eta mah poguh

Enggeus tangtu sagala aing teu laju
ku sabab nu sakaliwat
jimat titinggal kapungkur
mun teu dibikeun geus tangtu
beuheung moal gagal dipotong

Kadatulloh ka bango pek deuyi nyaur
kuma pikarepkeun paksi
naha maneh bet ngaheluk
raja bango matur takdim
sumangga taya sawios

Najan kuring kasanggakeun kaulanun
sadaya kersaning puri
lamun ku raden dipundut
sim kuring sumangga teuing
ngan ulah datang ka maot

Raden putra Kadatulloh bungah langkung
bari nyoeran tali
jeung kadiyeukeun tadating
anu ngaran pendil beusi
Ratu bango matur alon

Meunggeus bae raden tuturkeun ti pengker

gancang bango tuluy indit
ratu bango tuluy ngaping
raden nuturkeun pandeuri
nuturkeun kalangkang bango

Henteu lila bango eunteup kana kayi
kana tangkal kiyara tadi
den Kodatulloh pek nyaur
tadi omong maneh paksi
majarkeun boga karaton

Jeung nagara maneh gede liwat langkung
naha ieu eunteup deuyi
kana tangkal kiyara luhur
sugan bohong maneh paksi
ratu bango nyaur alon

Antos heula didiyeu bisi kasarung
gancang carios digurit
teu panjang deuyi catur
ka gunung Cangak geus sumping
Den Putri jeung ratu bango

Kana guha duwaan enggeus arasup
katingal petana nagri
sareng leungit sipat manuk
geus digentos sipat jalmi
jeung reya para Bupatos

Pepek kabeh para ponggawa ngaguruh
budak pendek budak leutik

budak kembar langkung lucu
raja bango matur takdim
sumangga linggih kajero

Kadatulloh ngajawab kalangkung nuhun
kami enggeus lila tepang
kadiyeukeun eta daling
sareng panjang bareng deuyi
dipaehan lamun bohong

Geuwat bango kami hayang geura puguh
ratu bango jawab deuyi
raden mugi ulah rusuh
moal burung eta pendil
ku raden kacandak tangtos

Enggal bae pendil beusi geus dipundut
Kadatulloh enggeus nampi
pangjang beurang sareng peuting
beurang kasiatna leuwih
bijil balad ewon-ewon

Ari pendil bijil kadaharan alus
kasiatna panjang deui
lamun ditangkubkeun tangtu
sadaya sangu kabeuli
gogorengan sambel gede wah

Geus sadiya sadayana deungeun sangu
ratu bango matur deui
jeung raden gentos jujuluk

Raden Kuncung nya leuwih
kuncung pamit ka Sang bango

Tuluy jengkar gunung jengkar geus kapengker
gunung jati geus katingali
nya eta nu dijugjug
gentos anu dicatur deui
nu tapa pandita kahot

Ayat Mekah nya eta pernah putu
Kangjeng Nabi Kang Saliki
keur tapa eta di gunung
nu jenengan Sang Nurjati
Kundung dongkap ka Cirebon

Sang Nurjati eukeur perhatin kalangkung
taya liyan tingal
ngan cipta salira dewek
Sang Nurbaiyan
sidik eta geus uninga

Lamun bakal kasemahan putra ratu
ngaran Walang Sungsang
bibiting agama kahot
henteu lami raden Kuncung jebul dongkap

Enggeus naek kana pupucukna gunung
jeung Nurjati tepang
sarta lajeng munjung bae
Sang Nurjati tuluy bae mariksa

Raden putra bagea nu anyar rawuh
ti mana nya asal
reujeung jenengan teh saha jenengan teh
nyembah matur Kuncung ka pandita

Pajajaran asal sim kuring kapungkur
wasta pun Walang Sungsang
mawi sim kuring ngalolos
nya kadiyeu dongkap neyangan impiyan

Kitu deui ulah jadi bendu
naros ka pandita
beh mana gunung Jati
eujeung jengan sang Nurbayan

Sang pandita gumuyu barita nyaur
nya didieu pisan
nu ngaran gunung Jati teh
jeung kawula nu ngaran Sang Nurbayan

Asal Mekah pernah putu Kangjeng Rosul
didiyeu eukeur tapa
sareng ari lilana teh
kira duaratus taun geus meunang

Jeung geus pasti eta kersaning Yang Agung
ti maneh asalna
pabuka agama teh
kacarios raden Kuncung enggeus bingah

Geus diwuruk agamana Kangjeng Rosul

ka Sang Nurbayan
sadayana geus kahartos
Sang Nurbayan ka raden Kuncung nyandika

Maneh mudu sumping ka basisir laut
nyieun padukuhan
geuwat bral ngababad bae
jeung agama maneh eta eta kitu

Cakra Bumi ngaran maneh eta kitu
ayeuna geura beral
Cakra Bumi pamit miyos
gancang bae henteu kocap di jalana

Enggeus dongkap ka eta basisir laut
damel panaak sadiya
jeung ngadamel masjid gede
dipancungan kebon pasir ngarana

Nu mimiti dibabad di lembur Sembung
leuweung gede pisan
cucuk haur eujeung kaso
kakaiyan dinya gede pisan

Jengkar Bumi golakna enggeus dicatur
eujeung sasauran
geura cacar maneh golak
kakocapkeun golak cabang geus ngababad

Kakaiyan pirang-pirang geus rubuh
langkung tina gancang

beruk-beruk kai nu galede
sirna kabeh sarupaning kakaiyan

Tina golak bijil seuneu gede hurung
kai beunang nyacar
enggeus kaduruk sakabeh
nu kagungan ngeunah kadeuleu dipondokeun

Ngan ngalaksana nyacar bae geus ngagempur
leuweung jadi caang
catur ari legana teh
beunang nyacar golak nu bijil seuneuna

Kira aya saratus jeungkal pasagi
kitu eta ceuk carios
serta nyiyeun pager di dinya teh
kadang jaba-jaba eta deui
tuluy nyieun bom
di kanonoman alus

Dewa putri tina ali bijil
calik bari mando
Indang Geulis eta garwana teh
jeung saderekna Roro Santang putri
langkung sami asih
Indang Geulis sujud

Cakra Bumi enggeus nama nelahna
Kuwu Santang Kebon (?)
beurang peuting tara pisan sare
ari padamelanana maring

mun ngala tarasi
seug unggah ka gunung

Gunung Cangak engona tarasi
nya eta Cirebon goreng eta ngaran teh
parahuna disorong tumali
ku panangan hiji
unggahna ka gunung

Kuwu Santang bari nyandak waring
henteun pisantawong
saban powe damelna teh
kacaroyos lami ti lami
enggeus reya jalmi
nu hanyang dudukuh

Jalma-jalma marelak bitani
sarta nyiyeun pondok
beuki lami nagri tambah rame
sakur pepelakan jadi
rame miah leungit
salaman patepung

Mani enggeus dongkap ka basisir
nu nyarieun imah pawon
Kuwu Santang anu ngababadna teh
malah Kuwu Santang leuweung deui
tetep nyiyeun bumi
di kanoman punjul

Panggedena Palimanan kawanti

saban bukin caos
pajeg tarasi henteu pisan geseh
jeung harita palunana ditarik
gawuh nagri

Kakocapkeun Kuwu Santang deui
ngala tarasi jongjon
enggeus sataun eta lamina teh
di gunung Cangak ngala tarasi
enggeusna tuluy mulih
ti gunung geus lungsur

Enggeus tepang sareng garwa putri
enggeus sapatemon
minangka jadi tapa bae
eta nya eta hoyong meunang ilmu
ayeuna geus lami
teu emut ka guru

Henteu ngadeuheus ka Gunung Jati
kubawaning poho
henteu emut reya gawe
enya eta damelna sok maring
eta ngiras jadi
tapa di laut

Kakocapkeun ayeuna Sang Nurjati
enggeus lami ngantos
Kuwu Santang tacan dongkap keneh
tuluy bae jengkar teh Nurjati
sakedap geus sumping

kakanoman jimunduk

Geus tepang jeung Kuwu Santang deui
jeung uluk salam alon
geus diwangsul eta sakumna teh
duwanana ti dinya lalinggih
saur Sang Nurjati ka Santang Kuwu

Naha lawas maneh Santang Bumi
henteu geura lapor
boro diantos unggal powe
tapi maneh henteu wae sumping
manan enggeus lami
geus leuwih sataun

Iyeu dukuh ge geus rame teh teuing
kasirima marontok
imah-imah geus pepek sakabeh
kuwu Santang ngawangsul ta’dim
taya sanes abdi ngan bebendu guru

Sadayana lepat jisim abdi
rumaos nu bodo
ngan pamugi dihampura bae
reh sakitu kalepatan abdi
pandita ngalahir
raden putra tangtu

Jeung deui ayeuna pamenta kami
maneh mudu mios
ka Baetulloh jeung dulur maneh

nya eta mudu munggah haji
tapi Indang Geulis
eta montong milu

Didiyeu bae matuhna cicing
di nagara ngantos
reujeung maneh di saha bae mondok
iyeu bawa surat kami
kuwu Santang ta'dim
dawuhaning guru

Sumangga sim kuring seja ngiring
Sakersa cumaos
geus amit keuduwaan bae
kuwu Santang sareng Nyai Putri
nya ilaing ngiring
duwa anom laju

Tapi ari kareuwas mah
ha Mekah henteu ngiring
ngantos bae di nagara
kocap nu geus angkat tadi
di jalan teu kawarta
enggalna nyai geus cunduk
enggeus dongkap ka Jedah
tuluy bae ka nagri
enggeus dongkap eta ka nagri Mekah

Tepang jeung seh Bayanulloh
duwanana geus lalinggih
di jero bumina seh Bayan

seratna enggal ditampi
ti seh Gunung Jati
geus kamanah Bayan nyaur
kawula teh arek naya
dimana seh Datuk Kopi
Kuwu Santang enggal bae ngawalon

Sumuhun di tanah Jawa
bumina seh Datuk Kopi
iyeu leuweung Santerima
niyat bade munggah haji
seh Bayan nyaur deui
atuh mun kitu mah sukur
alhamdulillah pisan
lamun sampeyan rek mulih
poma-poma nurut kawula rek numpang

Nya eta nu diteyangan
ku kawula enggeus lami
kuwu Santang ngawalon
tuwan seh mangga teh teuing
mun kula enggeus haji
sarta kula seja guru
gancang bae carita
Kuwu Santang enggeus wirid
geus diwuruk perkawis kalimah sahadat

Jeung pawuruk ilmu kitab
sadaya enggeus kaharti
seh Bayan nu kacarita
geus kaungkulan ku murid

hal sadaya ilmu-ilmu
bag-bagan agama Rosul
Kuwu Santang enggeus paham
ngungkulan Seh Bayan Sidik
tunda heula gentos nu dicarita

Kocap di Mesir nagara
ratu nu keur perhatin
reh katinggal ku garwana
mulih ka romatulloh
kalangkung barang ta kingkin
kasengsem manah Sang Prabu
ngumpulkeun para ulama
sadayana kitab madim
di paseban ngaguruh para ponggawa

Miwah ratu langkung susah
reh garwa seh raja putri
eta keur bobot pupusna
tuluy nyaur raden patih
patih Anwar geus sumping
Sang Ratu lajeng ngadawuh
maneh kipatih ayeuna
rek dipiwarang ku kami
mudu indit ngajajah unggal nagara

Nu numbang jeung garwa kami
ciri wancina sadaya
jeung jaba ti dinya deui
sarua jeung den putri
garwana kami anu pupus

ulah waka arek mulang
lamun maneh tacan hasil
poma-poma patih maneh masing meunang

Patih Anwar matur nyembah
parantos timbalan gusti
mugi kenging aya ka berkah
jijig pandua ti gusti
geus idin lajeng indit
patih angkatna geus jauh
ti dayeuh Mesir nagara
ngajajah unggal nagri
nya eta neyangan putraning raja

Anu nimbang jeung gustina
garwana Sang Ratu Mesir
dongkap ka nagara peuntas
Istambul Sam jeung Turki
Bustam henteu manggih
los ka Aceh geus nimu
malik deuyi seug ka Mekah
megat anu mantos haji
sugan aya urang Jawa nu ka Mekah

Den Patih megat deui di jalan
ka kocapkeun nu mulih haji
eta Raden Kuwu Santang
jeung Roro Santang nyi Ehing
ku patih geus katingal
aya istri langkung punjul
istuning sarua pisan

jeung garwana ratu Mesir
dieureunkeun ku patih pek dipariksa

Rahaden anu ti mana
jeung saha eta kakasih
Raden Santang ngawalonan
Kuwu Santang jisim kuring
tanah Jawa matas haji
nurut kapakong guru
iyeu pun adi wastana
Roro Santang nyai eling
ari pondok kuring di seh Bayan

Patih Anwar pek ngandika
mangga raden paman ngiring
ka bumi tuwan Seh Bayan
tiluwan geus jengkar deui
jeung Bayan enggeus papanggih
opatan calik ngariung
seh Bayan pek ngandika
mariksa ku Santang deui
eta saha tatamu nu anyar dongkap

Kuwu Santang pek ngajawab
eta piwarangan gusti
pati ti Mesir nagara
seh Bayan pek nyaur manis
naon kersa raden patih
nu mawi ka diyeu cunduk
patih Anwar pek ngajawab
kawula piwarangan gusti

dipiwarang neyangan putri nu endah

Nu simbung jang garwa gusti
ayeuna dipareng manggih
nya iyeu tatamu tuwan
samalah kudu kairing
jeung tuwan Bayan sidik
sampeyan geus kudu milu
ngadeuheus ata ka Raja
eta di nagara Mesir
katurunan sumangga cek Bayanulloh

Gancang carita geus miyang
opatan ka nagri Mesir
henteu kocap di jalana
geus kapungkur Arab nagri
enggeu meh dongkap ka nagri
tunda heula nu lumaku
gentos deui carita
kocapkeun sang Ratu Mesir
enya eta sumuhun Raja Utara

Nu geus ka sengsrem ku garwa
teu peyat muji ka gusti
mugi-mugi sing laksana
hal angkatna raden patih
Raja eukeur nganti-nganti
henteu lila patih jebul
patih enggeu uluk salam
enggeu diwarangsulan deui
sadayana geus caralik di paseban

Kaget sang Ratu manahna
Ratu ningal ka den putri
meh lali raja Utara
bis dirontok nyai putri
emut ka nu geus mulih
nya eta ka nu geus pupus
estuning sarupa pisan
taya bedana saeutik
paribasa teu miceun sasiyeur pisan

Putri dipencrong ku raja
samarasa langkung isin
Raja Utara mariksa
kumaha maneh ki patih
eta dipiwarang ku kami
ki patih nyembah jeung matur
nuhun bebendu gamparan
berkating gusti bet manggih
nanging iyeu putri asal tanah Jawa

Tatamuna Bayanulloh
Den Roro Santang kakasihna
meuntas haji ti Baetulloh
sareng saderekna deuyi
pun Kuwu Santang kakasih

Sang ratu deui ngandika
aeh ayeuna Bayan Sidik
eta tatamu sampeyan
ku kula di penta pasti
piunjuk Bayan Sidik
ka Raja Utara Prabu
nun kersa gamparan
nya mundut ka Santang bani
tina margi tateh nu gaduh tanggelan

Geus kitu ratu ngandika
ka rahaden Santang Bani
samoan mungguh karempugan
eta perkawis den putri
disuhunkeun ku kuring
jadi eusining kadatu
seug ngawangsul Rahaden Santang
ku menggah eta sim abdi
suka pisan upami sianggo garwa

Ulah bon lawan (?) adi teya
sanajan diri
moal saha nu kagungan
ka Jawa gamparan gusti
kanjeng ratu Sukagalih
biyeung cariyos dicatur
gancang ratu enggeus nikah
ka Roro Santang nyi eling
enya eta walina teh Kuwu Santang

Kuwu Santang geus diganjar

sorban minagka mas kawin
panjangna sawidak depa
sorban titipan jung Nabi
diduwakeun sakali
jadi duwa pada gaduh
eta teh sapotong sewang
anu kake onjak antri
kapasihkeun nya eta ka Raden Santang

Jeung enya sasaratanana
jenenganana para Nabi
kitu deuyi kakasihna
jeung suruhan Gunung Jati
jeung sakabeh para wali
kakasihna geus kasebut
ta sorban geus katampa
jeung diasupkeun sakali
kana jimat ali ampal teya

Seug nyaur raja Utara
sareng ngaran enggal ganti
jenengan seh Abdul Kiman
nuhun hatur Santang deui
Abdul kiman lajeng pamit
ka raja Utara mundur
seug nayur ka Roro Santang
masing betah maneh nyai
ka caroge nyai nitipkeun salira

Masing ati-ati pisan
engkang ayeuna rek balik

Abdul Kiman enggeus jengkar
sareng Bayanulloh Sidik
kakocapkeun putri
anu kantun jero karaton
langkung-langkung nya nalangsa
nangis bae beurang peuting
nu kacipta ngan saderekna Abdul Kiman

Teu weleh-weleh ngupahan
Rakana Sang Raja Mesir
tangis nyai Roro Santang
tambah nalangsa nya pikir
mu damang mah nyai putri
nyai putri geuwat mungkur
langkung cewad manah raja
langkung barangta ka putri
tunda heula kacatur Abdul Kiman

Jeung Bayan nu enggeus dongkap
mulih ka pondok geus tepi
nya eta bumi seh Bayan
badami numpang ka Jawa
niyatna hayang papanggih
ka Seh Gunung Jati estu
nya eta rek muwapakat
kitab Qur’an sareng ilmu
haturna seh Abdul Kiman sumangga

Tapi kudu ngantos heula
watesna satengah sasih
sok hayang uninga heula

jajahan Mekah nagri
Bayanulloh nyaur deui
nya sae diantos tangtu
Abdul Kiman enggeus mangkat
lepas lampahna digurit
geus ngajajah wewengkon Mekah nagri

Nagri Aceh anu kocap
keur usum reya panyakit
susah kabeh sanagara
jalma reya anu mati
gering isuk sore pupus
samaleh garwa seh Raja
nu sepuh geus lastari
jeung ningalkeun putra barey keneh pisan

Orok beureum ceuk babasan
ngan sahiji seueurna istri
matak watir anu ningal
kitu deui kanjeng gusti
raja Aceh nya kakasih
kakasihna teh sultan Kut (?)
keur nganglus wales teu damang
kocap nu ngajajah nagri
Abdul Kiman angkatna geus lepas pisan

Ka nagri Aceh geus dongkap
seug tepang jeung hiji istri
istri naroskeun enggal
ka semah nu anyar sumping
gamparan anu ti mendi

Abdul Kiman seug ngawangsul
kula semah ti Jawa
seja ngalayad ka gusti
tawur deui emban ka Andul Kiman

Seug kawasana henteu meunang
ulaban gamparan deuyi
nahan sadaya ponggawa
atawa parabupati
henteu pisan kenging
asup ka jero kadaton
seug ngajawab Abdul Kiman
hayang nyaho bae nyai
coba-coba nujukeun ka Raja

Kula sanggup ngalandongan
kitu deui hayang panggih
gancangna nyi emban mangkat
melebet ka jero puri
dongkap kapayuneun gusti
nyi emban nyembah jeung matur
nun gusti yu aya semah
haji asal tanah Jawa
enya eta nemana pun Abdul Kiman

Eta Sanggem ngalandongan
Sultan Kut (?) nyungkeul sakali
reh teu tiayasa sasauran
tina walesna kasakit
emban enggeu mengerti
geus nyembah barina tuluy

nepangan ka seh teya
mangga disaur gusti
geus ka Abdul Kiman ka jero pura

Jeung sultan Kut geus patepang
para emban nu ningali
sadaya kaget manahna
wantuning anyar papanggih
seug nyaur Abdul Kiman
ku Raja anu keur ngangluh
ayeuna teh geura damang
sultan Kut geus damang deui
teu kalawan dilandongan den putra

Pangawasa ali ampal
langkung-langkung tinamatih
duwanana geus salaman
geus lalinggih dina korsi sulta pek nyaur
engkang basa rayi kitu
naon kersa kang raka
ngawangsul Abdul Kiman
engkan hayang uningan dipanyabaan

Enggeus lami sasauran
nyarioskeun agama Nabi
geus mupakat sadayana
seud tidinya Dul Kiman
nguping aya anu nangis
nya eta putra Sang prabu
emban teh bingung manahna
nalangsa di jero pikir

murangkalih dipangkon ku Abdul Kiman

Harita repeh nangisna
seug Abdul Kiman ngalahir
rayi iyeu putra sae
Sultan kut ngalahir deui
eta sayaktosna rayi
eta teh teu gaduh ibu
Abdul Kiman angandika
disuhunkeun putra rayi
deuk dibantun ayeuna ku engkang mulang

Sultan Kut ngawangsul enggal
taya sawiyos teh teuing
kang rayi pasrah ka engkang
geus kacandak murang kalih
seug diasupkeun sakali
ka lelepen ampal tuluy
Abdul Kiman geus pamitan
geus mangkat ti Aceh nagri
enggeus leupas di jalan teu kacatur

Kocapkeun seh Bayannulloh
rek numpang angkat ka Jawa
neyangan seh Abdul Kiman
sejana mupakat ilmu
jeung kitab Qur'an deui
lamina seh Bayan tunggu
teu acan satengah bulan
teu acan dongkap kana jangji
nanging tuwan Bayanulloh henteu sabar

Kersana rek angkat sorangan
kapalna geus tarapti
tuluy bae beber layar
seh Bayanulloh geus indit
geus leupas lampahna deui
tunda heula nu dicatur
Raden Abdul Kiman
Sumping ka Mekah nagri
kaget ningali seh Bayanulloh geus mangkat

naha mana Bayanulloh
bet henteu netepan jangji
ka aing teh nyieun cidra
ninggalkeun ka tanah Jawa
Abdul Kiman geus ningali
didinya aya paraem
seug tuluy bae dicandak
geus dongkap ka sisi basisir
Parahu eta lajeng bae ditunggangan

Di jero manah geus nyipta
katingal seh Datul Oom
parahu gancang lir kilat
sumping ka kebon pasisir
sarta geus mulih rapi
jadi aki-aki linglung
nyorong parahu gawena
ka girang balik ka hilir
bari ngantos sumpingna seh Bayanulloh

Kocapkeun seh Bayanulloh
geus dongkap kana basisir
sareng Abdul Kiman tepang
mariksa ka Dul Kiman
lebah mana gunung Jati
Abdul Kiman ngawangsul
ana salah tuwan ti mana
Bayanulloh nyaur deui
asal Mekah seja ka gunung Amparan

Mesem nyaur Abdul Kiman
tuwan nyandak naon deui
wangsulna ngan mawa kitab
jeung mawa kalimah kalih
Abdul Kiman seug ngalahir
mun neyangan watak kebrul (?)
tuwan teh mudu ka wetan
ka gunung gajah nya indit
jaga tuwan tepang jeung retuning Saluja

Tepangna geus tangtu pisan
geus pamit seh Bayan Sidik
geus dongkap ka gunung Gajah
tuluy tatapa sakali
dana dinata ka jalmi (?)
ningal nu ngalihah kudu
sok dibere kadaharan
atawa maparin cai
langkung manis na tapa teh Bayanulloh

Anggeus mashur anu tapa lila

Gunung gajah pangeran Pancaraga
gentos anu dicarios
kocapkeun aukeur di laut
Abdul Kiman kalangkung barangta
maring bae damelna
nyorong-nyorong parahu
beurang peuting di sagara
dipamrih eta ulah kulem teuing
minangka kalakuwan

Henteu aya kyai anu dipikir
enya eta sirnaning raja
asalna euweuh jadi aya teh
sang geusan aya kitu
euweuhna teh ka mana deui
mudu pisan uninga
ka parwaning hirup
enggeuus lamun henteu kapendak
enggeus tangtu sasar patina sikapir
kaya patingning hewan

kahayangna hayang ka sawarga
eta tekad anu bingung teya
Abdul Kiman kacarios
kalangkung barangta wuyung (?)
kana unggal basisir mampir
nya eta nyieun tapak
tunda wali punjul
tina emut ka garwana
reh kapungkur piwarang munggah haji
ti laut tuluy hanjat

Kapanceman hennteu lila jol sumping
geus teu nyampak guru teu aya
nganaya serat bae
enggalna geus kauraphun
lamun maneh haying panggih
kudu kapandan jalma (?)
sareng maneh kudu
netepan adapt biyasa
ani jadi wajib
pameget jeung istri
tina sabab enggeus lawas

Abdul Kiman ti dinya enggeus mulih
sareng Indung Geulis geus patepang
Indung gelis sujud bae
seh Abdul Kiman nyaur
missing sabar tawekal nyai
ngantos ku lampah engkang
sabab najan tutup
engkang nyieun kalakuwan
putri imut sakersa kuring ngiring

Gancangna bae harita
Abdul Kiman sareng Indung Geulis
geus sampurna netepan wajib
sakumaha adat bae
istri pameget campuh
sakumaha anu galib Indung geulis teu kocap
katurunan wahyu
gancang den putrid geus nyiram

Abdul Kiman pek nyaur ka nyai putrid
nyai iyeu kandaga

Mudu jaga masing ati-ati
sangkan kasinuhun
reujeung nyai mudu wirid
jeung putra ulah tinggal
lamun geus ngajuru
iyeu engkang mere ngaran
mun awewe di ngaranan
den Pakuwati
pomo masing esto pisan
sareng maneh kudu
netepan adat biyasa
ani jadi wajib
pameget jeung istri
tina sabab enggeus lawas

Abdul Kiman ti dinya enggeus mulih
sareng Indung Geulis geus patepang
Indung Geulis sujud bae
seh Abdul Kiman nyaur
missing sabar tawekal nyai
ngantos ku lampah engkang
sabab najan tutup
engkang nyieun kalakuwan
putri imut sakersa kuring ngiring

Gancangna bae harita
Abdul Kiman sareng Indung Geulis
geus sampurna netepan wajib

sakumaha adat bae
istri pameget campuh
sakumaha anu galib Indung Geulis teu kocap
katurunan wahyu
gancang den putri geus nyiram
Abdul Kiman pek nyaur ka nyai Putri
nyai ieu kandaga

Mudu jaga masing ati-ati
sangkan kasinuhun
reujeung nyai mudu wirid
jeung putra ulah tinggal
lamun geus ngajuru
iyeu engkang mere ngaran
mun awewe dinggaranan
den Pakuwati
poma masing esto pisan

Mun lalaki kuma karep nyai
Abdul Kiman ti dinya geus jengkar
enggeus jauh angkatna teh
pandeu jalma nu dijugjug
barang dongkap ka pandeu jalmi
guruna henteu aya
seh Nurjati suwung
ngan aya bae tulisan
geus dibaca unggelna enggeus kaharti
yen maneh Abdul Kiman

Mudu didiyeu bae nya cicing
Maneh mudu nyiyeun patapakan

Abdul Kiman nurut bae
kana pituturba guru
gancang carita digending
Abdul Kiman geus babad
kersna nyieun dukuh
jenengan Ki Sabla Panadan
enggeus jadi sukuhna Panadan jalmi
barina jeung nagsuh putra

Anu disimpen eta dina ampal ali
enya eta anu ti Aceh teya
Istri langkung geulis teh
cahayana murub mubyar
sasat henteu aya tanding
jenengan den Ganda Sekar
rama asih liwat saking
nurut sakersaning putra
nyai putri tatapa di Kertasari
di dinya damel tapak

Ngalih deui tapana putri
ngadamel tapak di wanasuba
teu kacatur lamina teh
ti dinya seug ngalih tuluy
tapa deui di Sungsang
nya eta anu disebut
Pangarogan estu
geus nelah den pangurugan
ramana mah nurutkeun teu kari
matuh dipangurugan

Abdul Kiman nu dicatur deui
ayeuna kersa ngadamel sawah
legana eta sawah teh
geus pirang-pirang bau
sarta getol nu omong tani
beurang peuting maculna
parena geus numpuk
diakut tina sawahna
henteu panjang dicaturkeun kampah tani
geus henteu kakirangan

Kocap deui eta kangjeng ratu Mesir
ratu nu keur asih ka garwa
nanging tacan sapasamon
anu mawi sang prabu
Langkung susah ningal sang Putri
tegesna papasangan (?) Rorosantang ratu
taya layan nu kacipta
ngan saderek Abdul Kiman beurang peuting
teu tolih ka Sang Raja

Kacariyos eta dijero puri
di jaga ku parekan jeung ku embank
putri sedih manahna teh
Sang raja tambah muyung
kawas jalma meunang ku pirhatin
kasmaran jero manah
ti dinya tapakur
neneda ka nu kawasa
malah mandar aya pitulung nya ngawidian
gancangna geus ditarima

Kocap piwarangan gusti Yang Maha Suci
hiji manuk gede ti sawarga
tuluy kapungkuran bae
asup ka jero kadaton
nyampeurkeun putrid nu nangis
nya eta Rorosantang
kaget liwat langkung
ningal manuk gede pisan
ngadaregdeg salirana nyai putri
leuleus teu bisa obah

Manuk nyaur ulah reuwas nyai
iyeu kami piwarangan Alloh
ngemban dawuhan pang manon
maneh teh kudu nurut
ulah baha ka raja Mesir
sabab raja utara
turunaning Rosul
ngan mudu boga pamenta
menta putra sakembaran duwa lalaki
kitutimbalan Alloh

Sareng maneh nyai enggeus pasti
jodo maneh nyai enggeus ka Raja Utara
henteu meunang pisan geseh
sang putri nyembah matur
neda pamit ti dinya indit
manuk leungit harita
putri tuluy asup
ngadeuheus ka payun raja

tuluy nyembah Rorosantang raja putri
ratu bingah manahna

Barang ningal ka garwana teh sumping
gasik nyaur sang raja Utara
enden engkang langkung atoh
enden naon pamundut
moal burung ditekanan nyai
rupaning dunya barana
inten amas jamrut atawa jaba ti eta
nu araheng nu euweuh di nagri Mesir
moal burung laksana

Rorosantang matur sarta tak'dim
nun sumuhun langkung nuhun pisan
lahir gamparan eta teh
sarta abdi rek nurut
sakumaha kersaning gusti
dupi kulan nya barata
abdi teu ka imut
ngan paneda abdi teya
hayang gaduh putra kembar tur lalaki
sarta jumeneng raja

Sarengna marentah eta ka para wali
sarta ditalukan ka sakaya
estuning bumi langit kabeh
huleng raja raja ngadangu
ngamanahna sajeroning galih
eta lamun kitu mah
aing henteu sanggup

ku sabab henteu kawasa nyiyeun jalma
ngan Alloh nu Maha Suci
tegana kabina-bina

Eta pamundutna nyai putri
tuluy nyaur anatasan sakedap
kangjeng raja kacariyos
kana mibar geus asup
salat hajat kersana deui
antara geus beurang-beurang
sang ratu ngadawuh
kersaning Alloh taala aya sowara
tampa rupa langkung gaib
eh jabar maha Raja

Sanggupan bae eta pamenta putri
geus ditanggung ku mungguhing Alloh
Raja Mesir langkung atoh
enggal ti mimbar lungsur
mulih deui ka jero puri
geus tepang sareng garwa Rorosantang matur
naros hal kapungkur teya
enggeus sanggup nraja Mesir ka dieu putri
kantun kasinaran

Kasmaran barang taning ati
di jeroning pangkuleman
manah putri langkung kaget
wantu-wantu nu kakara
kumpul rasaning rasa
enggeus katurunan wahyu

rohaning para ambiya

Gancang harita den putri
bobotna geus opat bulan
catur raja utara teh
geus pamitan ka garwana
sejana rek balanya
rek angkat ka nagri Erum
sakalian hayang tepang

Jeung saderek pernah rayi
di Erum sang raja gota (?)
ratu jeng Mesir jengkar bae
henteu kocap di jalana
ka Erum enggeus dongkap
jeung raja Gota geus tepang
tuluy bae sasalaman

Raja Gota pek ngalahir
haturan kaulanun raka
jawab nuhun walonan teh
pek deui mindo haturan
Raja Gota ka Utara
Kawas aya damel parju (?)
Ratu Mesir ngawalonan

Saperkawis hayang panggih
reh geus lila henteu tepang
kaduwa pedah engkang teh
rek barang beuli ka pasar
jawadah saeusi pasar

sareng rayim mudu rawuh
ka Mesir nungguwan hajat

Hal bobotna embak putrid
Raja Erum hatur mangga
gancang bae cariyos
Raja Erum miwarangan
barang galeuheuna ka pasar
dikana ontakeun tuluy
sadayana enggeus sadiya

Harita wantu wengi
keur kulem raja utara
sareng rayina ngarendeng
kocapkeun raja utara
ngimpen prantos tepang
sareng eyang kangjeng Rosul
pisaur Nabi Muhamad

Eh ayeuna putu kami
mulang bae ka kasirnaan
moal sabaraha maneh
nyemahna di alam dunya
reya pisan sajabana
di angkat ku angyang tangtu
enya teu teu pikajangjina

Yen ayeuna mudu mulih
maneh ka alam sampurna
Sang ratu harita keneh
teu damang wales pisan

geus dongkap kana ajalna
Raja Utara geus pupus
Raja Erum kaget manahna

Liwat langkung Rajanangis
reh katelar ku rakana
henteu panjang dicarios
nu narangis dinagara
mayit geus diberesihan
lestari jisim dikubur
gancangna sang raja Gota

Eh Ki patih maneh indit
iyeu serat aing bawa
sanggakeun bae ka embak
garwana Raja Utara
nya eta ka Rorosantang
matur nyembah patih mundur
enggeus ka Mesir nagara

Di jalana teu kawarti
patih dongkap ka nagara
serat disanggakeun bae
dibuka ku Rorosantang
sadayana geus kamanah
ngajerit sang putri nyuuh
nangis bari sasambat

Ka raka nu geus mulih
nya eta sang Raja Utara
nalangsa rehna keur bobot

patih Erum kacarita
klangkung melas ningalan
gancangna bae geus mundur
hanteu kocap dijalana

Ka nagri Erum geus sumping
geus matur ka raja Gota
ayeuna ditunda bae
kocap ratu Rorosantang
gancangna carita bae
bobotna teh enggeus sepuh
umur duawelas bulan

Tuluy babar bae putri
pameget putrana kembar
langkung tina kasepna teh
cahaya lir upama bulan
keur tanggal opat belas

Kakasihna geus disebut
bu cikal Syarif Hidayat
rayina Syarif Arifin
kocap gancangna carita
ti harita yuswana teh
keur meujeuhna baleg kembang
kitab Qur'an enggeus putus
nurut agama Nabi Muhamad

Pantes nyarek nagri Mesir
eta kakasihing agama
wawakil Nabi nu kahot

di nagri Mesir harita
rame anu ibadah
Syarif Hidayat kacatur
linggih di masjid nyalira

Harita wancina wengi
keur mukaan kitab-kitab
lapad sadaya geus seep
kahartos sadaya kitab
teu aya anu kaliwat
ti dinya Syarif ulah
muka deui hiji kitab

Kempel tulisina teh asri
ngagebur di atar (?) emas
ari eta euusina teh
lapad sareat salikat (?)
hakekat sareng marifat
basa ma'rifat sing puguh
hartina aman kapendak

Lamun maneh hayang ilmu
teyangan Nabi Muhammad
lamun geus kapendak tangtos
eta maneh jadi mulya
tangtu ieu timpangan
ka mujilat kanjeng rosul
atawa para ambiya

Kitu ceuk nyang nulis
seh Syarif henteu percaya

kana eta tulisan teh
nyaur sajero manahna
duwanana anu geus wafat
diteyangan moal timu
ti dinya Syarif Hidayat

Teu peureum hayang ningali
ngagebur cahaya Muhammad
ari pisaur sora teh
eh maneh Syarif Hidayat
mudu diregepkeun pisan
lamun maneh hayang luhur
teyangan Nabi Muhammad

Poma-poma sing kapanggiih
jeung pasti kersaning Alloh
maneh anu jadi gentos
wawakil Nabi Muhammad
kaget den Syarif Hidayat
reh aya sora kadangu
enggal bae lajeng mulih ginjah

Nyaur dina jero ati
iyeu piwarangan Alloh
tuluy deui sarep embak
teu lami aya sowara
Syarif maneh cing percaya
waliwung kami mudu nurut
tepangan Nabi Muhammad

Kaget ngorejat deui Syarif

barang ginjah kaget ningal cahaya
cahaya hurung aya kenehh
tuluy raden sayripulloh
kasmaran tingal cahaya
cai socana murubut
naha teung teuingeun pisan

Henteu boga bapa aing
euweuh anu ngawurukan
kana hal elmu sakabeh
anu henteu boga bapa
Syarif Hidayat seug lungsur
ngadeuheus ka Ibuna

Kaget ibu ningali
bari ngusapan mastaka
naha eneng nangis bae
naon anu dipikahayang
anggur geura garwaan
neyangan putraning ratu
moal burung moal katekanan

Da urang anu boga nagri
ditalukan para raja
Sarif nelah matur alon
jisim abdi tacan niyat
saupami gaduh garwa
sumawona jadi ratu
gampil jaga geus kapendak

Eta alamat sim abdi

Geus piujuk sadayana
Wang tuwa Sarif keur ngimpen
Sareng ningali cahaya
Ratu Santang angandika
eta eneng henteu umum
neyangan Nabi Muhammad

Apan eta kangjeng Nabi
Nabi Muhammad geus wapat
di Madinah makamna teh
ke eneng rek diteyangan
tangtu moal kapendak
anggur eneng jadi ratu
garwaan ka putra raja

Eneng Syarif mattur tak’dim
sim abdi yaktos teu ningal
tacan niyat gaduh bojo
gampil jaga geus kapendak
sareng jeung Nabi Muhammad
amit sim kuring rek mundur
sareng moal waka mulang

Mun Nabi tacan kapendak
suka riwan pisan wapat
Syarif nelah jengkar bae
Rorosantang langkung susah
nangis dina jero manah
ka masjid pademen asup
tapakur Sang Ratu Santang

Syarif Hidayat kawatir
geus lepas pisan angkat
ngajugjug keramat bae
kana makam Nabi Musa
disinya teh dikulemna
meunang tujuh peuting suwung
teu pisan meunang alamat

Syaripulloh lajeng ngalih
ka Nabi Ibrohim makamna
disinya ge suwung keneh
teu pisan meunang wirayat
rahaden Syarif pindah
ka makamna Nabi Rosul
seug di dinya salat hajat

Duwa rokaat tteu lami
ngadangu eta sowara
Syarif Hidayat maneh teh
neyangan Nabi Muhammad
poma-poma sing kapendak
ku maneh kudu katimu
eta jatining Muhammad

Rahaden Syarif geus nguping
sora sakitu terangna
Syarif angkat deui bae
teu puguh anu disejja
angkatna saparan-paran
turun lebak unggah gunung
geus leupas Syarif Hidayat

Ka gunung Jambesi sumping
di dinya aya nu tapa
oray langkung tina gede
eta sagunung awakna
ngarana Naga Pertala
eta aing meunang bendu
timung ku Alloh taala

Henteu bis ausik malik
kusabab beurat awakna
banget pisan nyerina teh
sagede gunung bareuhna teh
henteu lami geus ningalan
ayat satiya anu rawuh
tuluy disimdangkeun pisan

Raden Syarif enggeus mampir
Naga Pertala ngandika
salira ti mana yaktos
naon anu diteyangan
walon den Syarif Hidayat
keur neyanggan Kangjeng Rosul
kula ti Mesir nagri

Sang Naga ngandika deui
hanteu umum teuing tuwan
bet kakara mendak oge
apan mah Nabi Muhammad
eta teh enggeuus wapat
di Madinah geus dikubur

hantem bae diteyangan

Wangsul iyeu diir abdi
pang nuageurkeun ku gamparan
seug nyaur Syarif Hidayat
lamun kami enggeus tepang
jeung kangjeng Nabi Muhammad

Memeh cageur eta diri
Naga Pertala geus waras
ku karamat Syarif Anom
piunjuk Naga Pertala
raden iyeu tingalian
anu aya dina buntut
jimat pusaka Sang Sukma

Eta cincin marbat put
mangga raden geura candak
kasiyatna leuwih aheng
awas dianggo ningalan
lamun ningal kahandap
parat bumi anu tujuh
eusi kabeh kasiyatna

Mun ka luhur ninggal langit
tangtu parat saeusina
langit tujuh tembong kabeh
teu baseuh meuntas sagara
ka seuneu ge henteu teurak
karamatna ali merbat
ti dinya Syarif hidayat

Anggeus nyandak eta cincin
dina cinggiir dianggona
eusining alam sakabeh
ku raden geus katingalan
pelong-pelong teu halangan
ku Syarif nelah dipundut
Naga Pertala ngndika

Ka pulo manyeti nusa
di dinya teh aya Seh
keur tapa pulo Mardada
seug pamit Syarif Hidayat
omong maneh rek diturut
gancangna bae geus jengkar

Meuntas sagara seh Syarif
karamatna ali teya
henteu baseuh ku cai teh
raden Syarif anggeus leupas
tunda anu keur angkat
pulo manyeti kacatur
anu keur dangdan ngajadi

Kacarriyos di pulo manyeti
di jaga sagala sato hewan
sapi badak sareng banteng
jeung eta sato babruh (?)
sami kumpul gede leutik
iyeu syaetan siluman
sadaya kalebet

ngajaga mayit sulaeman
cahaya gilang gumilang dihatil rukmin
langkung endah rupina

Dibaheulanan eta dibawa ku ejin
enya eta ku raja marut
ejina eusik ngarana teh
waktu sulaeman pupus
eta diteundeun diina kasil
direbut ku jin teya
jeung ku para ratu
gancangna bae geus beunang
enya eta diteundeun di pulo manyeti
dijaga ku sadaya

Kocap seh ola tapa geus lami
asal Mekah neyangan Nurbayan
di ggunung Jati anu kahot
tatapi hanteu timu
tuluy bae tapa geus lami
di pulo mardada
geus meunang tahun-tahun geus kitu ngadangu sora
yen didinya aya jimat sipat cincin
ngaran cincinn mamlakat (?)

Kagungan Nabi Sulaeman eta ali
nata (?) ola langkung tina hayang
seug ti dinya tuluy naek
kana cemara kayu
nata ola sareng ningali
di handap pirang-pirang

eta anu tunggu
sato galede pisan semu galak
orayna semu maratia
seh ola langkung gila

Teu kadangueun mun nyokot ali
lamun maksa geus tangtu tiwas
ti dinya neneda bae
ka Alloh anu Agung
mugi-mugi Alloh maparin
lantaran ka umatna
kacida sumujud
tunda heula nu keur tapa
kocap Syarif Hidayat geus sumping
seh Ola tuluy mangkat

Enggeus salaman lajeng pada linggih
nata Ola pok baee mariksa
ti mana asal raden
Syarifulloh seug matur
jisim kuring urang Mesir
ngaran Syarif Hidayat
neyangan jeung Rosul
langkung kaget ratu Ola
henteu umum teuing ajengan Syarif
nu geus wapat diteyangan

Mapan geus mashur yen Kajeng Nabi
nggeus pupuus sumareng nagri Madinah
eta diteyangan keneh
moal datang katimu

kalah paeh batan kapanggih
enggur itu tingalan
anu mmarab mancur
nu mawi sim kuring tapa
sasatoan hayang gaduh eta ali
saha-saha anu boga

Dikabulkeun ku setan eujeung jin
ku eusining bumi langit sadaya
sato hewan taluk kabeh
umat kabeh pada sujud
kasiyatna mamlakat ali
tunggul Jati Muhammad
Sulaeman anu gaduh
Ari Sulaeman geus wapat
enya iyeu pisan anu dina kasil
nu nganggo cincin mamlakat

Raden Syarif ngawangsul ta'dim
atuh mangga wae urang candak
duwaan geus jengkar bae
ngarendeng angkat maju
anggeus dongkap ka deukeut kasil
jeung Nabi Sulaeman mayitna dicatur
lamina di pulo eta
geus saratus tahun pulo manyeti
mancur keneh cahayana

Henteu kaciri yen
kuwuuh eukeurna hirup
ceuk pitutur pangajak wali

jaga Sulaeman sirna
mun aya nuu cunduk
putra ti Mesir nagara
kocap deui seh Nata Ola geus sumping
kanti Syarif Hidayat

Seh Nata Ola kacatur
uluk salam kanjeng Nabi Sulaeman alibi
nanging henteu diwalonan
Nata Ola mundur gasik
teu dipasihkeun harita
ti dinya lajeng seh Syarif
uluk salam geus diwangsul

Uluk salam geus siwangsul
lamun yasa ngalahirkeun
saurna Nabi Sulaeman
geuwat-geuwat maneh Syarif
iyeu ali mudu tampa
mamlakat kasiyat leuwih

Geus pasti maneh nu gaduh
ka iyeu mamlakat cincin
jeung maneh dilandi ngaran
Seh Iman Lukat Raspati
ditalukan kabeh umat
tur jadi ratuning wali

Eta teh carek pitutur Syarif Hidayat tampi
mamlakat dianggo enggal
Nata Ola geus ningali

yen mamlakat enggeus beunang
sarta dianggo sakali

Seh Nata Ola ngarebut pa
pageuyeung-geuyeung jeung Syarif
henteu lami aya gelap
ti Nabi Sulaeman bijil
sarta angina gede pisan
teh Ola kalawan ku angin

Ti dinya teh tuluy kabur
Rag-ragna digunung surandil
Nabi Sulaeman geus sirna
Mulih ka sahimatulloh

Tunda heula nu dicatur
ka kocapkeun di nagri Mesir
enya eta ratu santang
nu ditingal
ku den Syarif
langkung susaheun manahna
teu kulem teu tuang cai

Ari putrana anu bungsu
jenengan Syarif Aripin
di Mesir geus jadi raja
nyai Rorosantang putri
nu dianggo ketir manah
ngan putra Hidayat Syarif

Beurang peuting henteu suwung

ngan muji bae ka Gusti
mugi salamet kang putra
jeung Nabi masing panggih
teu lami ngadangu sora
pisaurna teh leuwih sidik

Mun maneh nyaah saestu
ka putra Hidayat Syarif
ayeuna leumpang ka Jawa
antosan di Gunung Jati
ngorejat Sang Rorosantang
emut ka guruna deui

Anu keur tapa di gunung
Amparan seh Datul Koni
geus katingal jero manah
lajeng nganggo nyai putri
raksukan antara kusumah
henteu lami lajeng indit

Nagri Mesir geus kapungkir
gancangna bae geus sumping
geus tepang sareng guruna
nya eta seh Datul Koni
lajeng nyaur seh Nurbayan
bageya nu anyar sumping

Naha ninggalkeun kadaton
matur nyebah raja putri
nu mawi telar nagara
yaktos titah teu betah sim kuring

sangges lolos Syarifulloh
seh Nurbayan nyaur deui

Bener nyai mudu tunggu
ngantosan didiyeu nyai
serta mudu pindah ngaran
Babu dempun ngaran nyai
di diyeu bari tatapa
rama mah rek pindah deui

Ka guha dalem patekur
enggeus jengkar seh Nurbayan
tunda heula nu keur tapa
kocapkeun nu ragrag deui
ka gunung Suransik teya
enya eta rahaden Syarif

Geus gugah eta di gunung
seh Syarif eta ningali
yen aya hendi pertulah
eusi cai ti sawarga
kendi tuluy uluk salam
haturan lukan raspati

Salamna enggeus diwangsul
pertulah perk ngomong deui
mangga iyeu cai enggal
dileueutkeun ka imam Raspati
enggeus lawas teuing aya
yen cai ti sawarga

Samemeh tuwan tumuwuh
tegesna samemeh lahir
sim kuring enggeus ngantosan
geus sadiya ieu cai
sumanggga nun den mamlakat
tuluy dileueut sakali

Seep satengahna banyu
kendi pertulah ngalahir
geus tangtu jaga tuan
karaton aya anu ngalandih
sabab nyai henteu beyak
kitu deui den Raspatih

Jadi sultan henteu nurun
kana putra den Raspatih
ti dinya Imam mamkalat
enggal nyandak deui kendi
cai diseepkeun pisan
ngomong deui eta kendi

Najan dilindih geus tangtu
tetep langgeng di nagri
henteu pisan kana owah
sareng jaga seh Raspati
mun gamparan jeung sultan
sim kuring seja rek ngabdi

Imam mamlakat seug nyaur
karep maneh moal hasil
kendi pertulah geus musnah

geus kitu imam ningali
ditajud aya nu tapa
henteu pegat-pegat dipikir

Jenengan dicatur
eta seh Amrulloh
asalna ti nagri Kampa
anu mawi tapa lami
neyangan seh Datul Kiman
pandita ti Bani Israel

Amrulloh rek guguru
tapi tacan kungsi panggih
eta kersaning yang sukma
nya eta seh Datul Koni
mandita di tanah Jawa
anu menak teu kapanggih

Seh Amrulloh dicatur
tuluy bae tapa lali
di dinya geus lami pisan
sapuluh taun meh kenging
taya liyan anu dicipta
eta sajatining hirup

Sareng sajatining Datul
tatapi tacan kapanggih
eta sajatining Alloh
Imam mamalakat pek matur
haturan nuaanyar panggih
tuluy imam uluk salam

sarta geus diwalonan

Seh Amrulloh pek matuh
haturan anu anyar panggih
naon pikersaeun tuwan
nu mawi ka diyeu sumping
ngawalon Imam mamlakat
sim kuring nenyangan alabi

Nya eta rek guguru
hakekat kalimah kalih
Seh Amrulloh ngandika
henteu umum den Raspati
nu geus wapat ditreyangan
kalah bongkok mowal panggih

Teu kirang yang agama
di alam dunya sayogi
deuk guguru reya pisan
teu kurang jalma anu alim
montong neyangan Muhamad
Nabi Muhamad geus mati

Wawakil mutlak yang agung
saha nu ngayakeun gusti
kasebut dina dalilna
eta téh pastina kapir
henteu warna henteu rupa
teu eroh henteu enggon deui

Langgeng jenenging yang agung

sa aktosna yang maha suci
nu murba ka anjeunna pisana
jeung misesa kabeh deui
nu ngariksa jeung nu ngaganjar
kakawulana geus pasti

Imam mamlukat ngok matur
ayeuna dimana deui
moal lamun henteu aya
mun aya dibumi langit
tekadna ni bingung eta
jeung ngaku-ngaku yang widi

Dirina ngaku yang agung
eta tekadna nu kapir
paehna hanteu sampurna
lir patina sapi munding
Seh Amrulloh ngajawab
bener saur Den Raspati

Tapi kersaning yang agung
anu murba bumi langit
eta kabeh karep tuan
ngan Alloh nu maha suci
saha anu ngayakeeun Alloh
dalilna geus pasti kapir

Henteu sah islamana tangtu
ngajawab lohat Raspati
kumaha pisaeuheunnana
nu hurip jenenging tunggal

kaayaan ing dat eta
tetela diri pribadi

Eta jenenging yang yang agung
ngahuleng henteu ngalahir
seh Amrulloh satengah
yaktos hati ka harti
tuluy leungit Amrulloh
ngajak-ngajak ka pulo Jawi

Sadaya-sadaya ning ilmi
nama susunan-susunan
geus reya muridna deui
gede leutik sadayana
sepuh anom anu wirid

Gentos ani dicarita
seh raja Kawarti (Erum)
nya eta sang raja Gota
saderekna ratu mesir
harita téh geus wirid
ka Seh Amrulloh guru
seg tatapa di gunung
parentah Seh Amrulloh
geus tetep tatapanna ngalakonan

Sultan Erum hayang patepang
eta jeung guruna deui
neyangan seh Amrulloh
los kacampa teu papanggih
bareng di jalan téh tepang

tepang jeung seh Imam mamlakat
Sultan Erum angkat ngincid
enggal bae Imam mamlakat dipegat

Tuwan téh mulih ti mana
jeung neyangan naon deui
Sultan Erum males ngajawab
neyangan Amrulloh
tapi kuring henteu panggih
eta téh ka dinya guru
seug nyaur Imam mamlakat
lamun tuan hayang panggih
mudu angkat ti diyeu ka tanah Jawa

Eta di gunung Mariya
jeung mun hayang jadi wali
tuwan téh mudu tatapa
di gunung Kancana deui
Sultan Erum teu ngalahir
heran sajeroning kalbu
Raja Gota enggeus nyata
yen jalmi téh leuwih
geus kacipta jatining Yang Maha Mulya

Sakedap bae geus musna
ka tanah Jawa geus sumping
tapa di gunung Kancana
tapi hoyong meunang ilmi
nyangsang btatapa deui
gentos ayeuna dicatur
nya eta she Imam Mamlakat

angkatna beurang jeung peuting
geus kaider sakabeh alam dunya

Neyangan Nabi Muhammad
weleh bae tacan panggih
teu meleh maju
enggeus kitu tuluy panggih
eujeung sahiji istri
teu punjul
sapi eta candakeun
henteu reya ngan sahiji
jejekekan Imam Mamlakat hudang heula

Imam Mamlakat geus sindang
bari naroskeun ka istri
naon perluna nyauran
sang putri ngawalon manis
mung sumangga tuwang rayi
saha nu ngadahar tangtu
ngarti kana sewu basa
Arab Jawa sareng milu
jeung malayu Bugis Makasar

Sareng sajaba ti dinya
lamun enggeus tuwang roti
tangtu ngartos sadayana
sumangga ceuk den Raspati
enggeus dituwang sakaliu
putri tapa mindo nyaur
eta téh yaktosna tuwan
anu mawi ka diyeu sumping

damel jeung naon nu diteyangan

Imam Mamlukat ngajawab
sim kuring neyangan Nabi
seja guguru agama
hakekat Rosululloh
nyai putri nyaur deui
lamun tuwan rek guguru
neyangan jeung Rosululloh
tuwan mudu cicing
antos bae di dieu sakedap netra

mun aya nu tunggang kuda
di awang-awang keur nyirig
ngabujeng sing enggal-enggal
muntang kana buntut tarik
geus leungit eta isteri
den Imam Mamlukat kantun
teu lami awas ningalan
ka awang-awang ningali
jebul bae aya anu tumpak kuda

kaburu ku Imam Mamlukat
serta muntang na buntut gasik
kuda lumpat gancang pisan
nun tunggangna Nabi hidir
Nabi hidir seug ningali
aya nu muntangan buntut
disepakan ku sukuna
kuda gancang langkung tarik
enggeus jauh geubisna Imam Mamlukat

di nagri ajrak ragragna
na pangkon Abdul Saparin
nya eta rajana ajrak
raja ajrak geus ningali
ka raden Imam Mamlukat
bet ujang kawas nu estu
rahaden teh geura gugah
ujang manusa timendi
saha ngaran reujeung kumaha purwana

saha nu kagungan putra
numatak ka diyeu geubis
pok matur Imam Mamlukat
abdi putra ratu Mesir
ti awal dongkap ka ahir
sadaya geus kapiunjuk
lajeng nyaur raja ajrak
hayu tuwang sareng ujang Syarif
sareng eyang ngariung urang satobas

matur den Imam Mamlukat
nuhun pisan jisim abdi
rehna eukeur nyegah dahar
tidinya Imam Mamlukat
ku Raja Abdul Saparin
dicandak ka masjid asup
seug diiriang ku patihna
nu ngaran Sadanastri
geus dongkap ka jero masjid sungsang

Abdul Saparin ngandika
baheula eyang diweling
dititipan duwa buwah
ti malaikat hajroil
dan buwah nu duwa siskina
buwah kalmukat tur alus
upamana eta buwah
geus pasti kersaning widi
tutu eyang anu pingadahareunana

Buwah kalmukat ditampa
serta dituwang sahiji
rasana sarebu rasa
langkung ni'mat Den Raspati
kantun sahiji deui
ku Imam dituwang tuluy
eta teh geus henteu beda
tara anuu enggeus tadi
ngan ieu mah sarebu rasaning wapat

bawaning ni'mat kacida
geus miprai Imam Raspati
dongkap kana langit dunya
tepang sareng para mu'min
sakabeh aruluk salam
geus diwangsul ku raspati
bagja teuing siasih ku Alloh taala

Unggah ka langit ka dua
Imam Mamlukat geus panggih
jeung sakabeh Malaikat

anu sipat manuk asri
saliwatna teh lir jalmi
make jangjang cara manuk
sadayana ngabubungah
bagja temen tuwan Syarif
eta tuwan dipaparin darajat

Sadaya geus uluk salam
enggeus diwangsul sakali
unggah langit ka tiluna
Imam Mamlukat panggih
eujeung Malaikat deui
sujud jalma cara lembu
sawareh mah cara naga
jeung sawareh kawas kambing
ngabubungan nagajungjung darajatulloh

Langit ka tilu geus kaliwat
Imam Mamlukat geus sumping
ka langit opat dongkap
sok jeung Nabi Isa panggih
keur kulem dinya geus lami
antara saratus taun
kitu carek cariyosna
Imam Mamlukat kawatir
isuk salam ku Nabi geus diwalonan

Lajeng gugah sasalaman
Isa mariksa ka Syarif
nyawana jalma kumaha
jeung neyangan naon deui

jawab Imam Raspati
nyawana barangta wuyung
ari anu diteyangan
Nabi Muhammad sinelir
seja guguru hakekat kalimah sahadat

ari saur Nabi Isa
bagja mun bisa papanggih
jeung Kangjeng Nabi Muhammad
jeung mmanh mudu dilandi
Seh sidik Mapna Tunggil
Mamlukat seug tuluy sujud
gancangna geus pamitan
Nabi Isa enggeus idin
Esen Sidik enggeus unggah ka langit ka lima

Tepang jeung per malaikat
anu pirang-pirang keti
kapalna mah ngan opat
nu tipayun Jaroil
Minkail jeung Isrofil
Hijroil anu tipungkur
sakabeh aruluk salam
jeung ngalandi na kakasih
pangandika Jajaroil Syarif Jabar

ngandika Minkail eta
Seh Surya ariari Isrofiil
Syarif Jabar panglandina
Ijroil enggeus ngalandi
Esen Sidik hatur nuhun

tidinya enggeus pamitan
ka langit ka genep sumping
enggeus tepang jeung sadaya para anbiya

Sadaya geus uluk salam
geus diwangsul ku Seh Sidik
jeung pada maparin ngaran
Nabi Adam geus ngalandi
Eseh Kamil Ratuwali
Ibrohim mere jujuluk
nya eta Syarifulloh
Nabi Musa geus ngalandi
Sarif Maprup kitu deui para nabiya

Eseh Sidik enggeus tampi
tidinya teh enggeus pamit
unggah ka langit ka tujuh
kocap Sarif maprup teya
nyukang sirotol mustakim
anjog kana taraju dolimin didinya

mendak anu keur ditimbang
jeung amal jariyah deui
lamun dirina teh beurat
tidinya tuluy digunting
ka naraka enggeus manjing
beyak daging kulir ajur
seug naros Seh Sarif Jabar
ka Malaikat Ijroil
eta teh jalma nanahaon dosana

Ijroil males ngajawab
eta teh siksaan jalma
anu sok ninggalkeun solat
teu nurut ka agama nabi
Sarif Jabar enggeus indit
wot sirotol geus kapungkur
loh kolam anggeus kaliwat
dingding jalan alas kursi
enggeus dongkap Sarif Jabar kana hijab

gumilang gilang cahyana
tetebeng beureum jeung kuning
kocap gancaning carita
Sarif jabar seug ningali
kana cahaya nu dumeling
nyaeta cahya Kangjeng Rosul
liwat langkung na cahyana
hanteu aya annu nanding
lajeng sujud tidinya Seh Sarif Jabar

tidinya leungit tetbeng eta
geus katingal Kangjeng Nabi
eta teh ku Sarif Jabar
duwanana geus lalinggih
Sarif Jabar kawarti
uluk salam ka Jeng Rosul
tapi hanteu diwangsul
dongkap duwa tilu kali
kara jawab salamna ku Nabi duta

Jeng Nabi lajeng mariksa

ka eta Hidayat Sarif
nyawana jalma kumaha
Sarif Jabar matur ta'dim
abdi nyawana jalmi
nu mati raga saestu
nya eta hoyong patepang
sareng jeng gamaparan gusti
sim abdi seja guru hakekat kalimah sahadat

sareng hartosna agama
tegesna sare'at deui
kumaha hartos martabat
dat sifat kumaha deui
sareng mana aras kursi
dingding jalal nu mana estu
mana anu sok disebat
wot sirotol mustakim
jeng sawarga naraka nu mana teya

ngandika Nabi Muhammad
hanteu meunang maneh Sarif
kusabab enggeus disengker eta eta larangan
geus disengker ku para nabi
saha-saha anu wani-wani
ngabuka larangan tangtu
hukumna ku pati eta
jeung deui agama teh Sarif
hanteu meunang ngawurukan agama

sabab kami enggeus wafat
reujeuung kurang naon deui

di dunya enggeus sadiya
sakabeh elmuning widi
kitab Qur'an geus sayagi
aya ulama nu punjul
guru-guru sadayana
teu kurang di alam lahit
anu matak ayeuna mah geura mulang

asup guru ka ulama
ngawngsul raden Raspati
abdi moal waka mulang
mugiya diwejang ilmi
sahadat anu sajati
dimana nyatana estu
margina bingung kacida
ningal lapal hadis dalil
enya eta reya pisan caritaan

jaga lamun enggeus wafat
disiksa naraka pasti
jeung di jero kubur eta
jaga geus tangtu kapanggih
sareng Malikat deui
Munkarun jeung Wanakirun
gada beusi teh bentuna
ditenggeulkeun tilu kali
kana mayit geus teu bisa walakaya

naon eta sayaktosna
hayang uninga sim abdi
pisaur nabi Muhammad

masing deukeut maneh Sarif
maneh masing mengereti
kami ayeuna pitutur
ngan kubur natasangrangan
jeung sagala siksa deui
katinggalna wantuna eukeur sakarat

lamun geus paeh nyawana
eta rek kumahha deui
geus pasti kersaning sukma
jangjina sahiji-hiji
untung ala untung becik
poma-poma sing kamafhum
keur waktu urang sakarat
samemehna urang mati
saenyana Alloh taala teu nyiksa

ngaganjar ka nu ibadah
mun nyiksa mah Alloh pasti
hanteu sidik nama Alloh
sipat langgeng Maha inggi
sakersana pirbaddi
hade goreng enggeus tangtu
Qur'an eta teh dalilna
geus ditulis dina diri
jeung lafalna kitab jenengan sorangan

Sareng lafad yahuu eta
ayana di maneh Sarif
tegesing Alloh nya eta
sifat langgeng Maha Tinggi

henteu keuna ku gering
sareng hanteu keuna lebur
mun teu nyaho sahadat
geus ppasti paehna teh kafir
enya eta masih kumambang di dunya

Eta anu nanggung lara sareng pati
ki sir sareng rasa
eroh nu nanggung kasakti
eta tegesna ki rasa

Sareng deui ari tegesna esir
eta nyataning nyawa
mun paeh nyawana pasti
eta nu ngaran waft

Raga tea upama kurungan paksi
tegesna nya eta
hanteu paeh hanteu hirup
bubuhan burakrakan

Eta kitu mun teu awas ka Yang Widi
nu ngaran loh Kolam
kolam notol kana mangsi
nya eta nu ngaran ayat

Ari hayat tepungnna rasa jeung esir
nya maneh jadina
jeung nu nggaran aras kursi
enggeon kanda anu nyata

Ari kursi etta tingal anu pasti
jeung ari sawarga
kamulyaan maneh di ahir
anu ngaran panggahota

kategesna nu ngaran kalimah kalih
katemoning rasa
ibu rama enggeus pasti
eta nu ngaran kalimah
adon-adon beureum

hejo putih kuning
nya maneh buktina
eta sahadat nu pasti
jeung omong-omong urang

eta kabeh oge jadi sembah puji
tapi poma-poma eta teh
karangan bakti
hanteu meunang lalawora

masing getol ibadah eta wajib
teu tetepan agama
kasebut dina dalil
lafadna tolabul ilma

saridotun wajib pamegget jeung istri
tareangan Alloh
sareng sajatining nabi
poma-poma sing kapendak

Gancanging carita Syeh Kamil
geus deuk diwurukan
sadaya elmuning nabi
anteu aya nu kaliwat

Mindo nyaur kangjeng nabi
kangsinelir
ka Sarif Hidayat
masing getol munggah haji
jeung eyuna geura mulang
jugjug baee maneh ka gunung jati
guguru elmuna
ka Syeh datul Kiman Sidik
nu aya di tanah Jawa

Enya eta keur tapa di gunung jati
tunggal putu eyang
ti mekah asalna tadi
jeung eyang maparin jubah

Iyeu jubah aksara karajaan wali
pasti kersa Alloh
maneh jadi ganti nabi
nama Sunan Jati Purba
geus dilandi kangjeng susuhunan sejati
sadaya nyaksian
eusining bumi langit
nelah jumeneng susuhunan

Gancang carita kangjeng Sunan Sejati
ti dinya pamitan

geus kaidinan ku nabi
Syeh Jati Purba geus jengkar
ngan sakedap Sunan Jati Purba lilir
korejat geus gugah
masih di jero masigit
nya eta nagri ajrak

Geus lungsur Sunan Jati Purba ti masjid
teu nepangan heula
ka maha raja Saparin
ngajugjug ka tanah jawa

Gancang bae geus dongkap ka Gunung Jati
tepang jeung ibua
enya eta raja putri
Babu Dempun enggeus nelah

Harita mah di Gunung Semar nya linggih
numawi didinya
asala baheulana putri
waktu tepang jeung guruna

Bareng tepang jeung putra Hidayat Sarif
tidinya dicandak
lalinggih di Gunung jati
calik dina batu bodas

Babu Dempun mariksa ka Sunan jati
mugi kahatur
tuwan anyar sumping
asal tuwan teh timana

sareng deui ujang saha nya kakasih
Sunan Purba jawab
ti Mesir asal-asal sim kuring
seha neyangan pandita

Enya eta nu jenengan Datulqoni
mun mariksa ngaran
pun Sarif Hidayat kuring
langkung kaget Ratu Santang

Emut bae yen eta putrana yakin
dirontok putrana
Babu Dempun bari nangis
duh putra ibu ujang

hanteu nyana ibu teh bisa papanggih
nyaur Jati Purba
neunggeus ibu montong nangis
kedah sukuran ka pangeran

Wangsul kuring ka ibu rek naros deui
dimana ayeuna
jenengan Seh Nurjati
ibuna lajeng ngajawab

Tadinamah di dieu di Gunung Jati
ayeuna geus pindah
di guha Dalem Kerbarengti
tegesna keur mancadriya

Sunan Purba ka ibuna enggeus pamit
ngajugjug patapaan
geus lepas angkat deui
kocap anu eukeur tapa

Langkung sujud keur nyipta diri pribadi
enggeus sapoyanan
sinareng sukma sajati
Mi'raj dina jero manah

Seh Nurjati ngadangu sora sarta sidik
Yen maneh ayeuna
Bakal katamuwan Sarif
Sarif gentos Rosululloh

Geus pinasti kersaning yang maha suci
Seh Imam Mamlukat
nu jadi ratuning wali
maneh mudu asrah pisan

saba'dana mancadriya Seh Nurjati
jadi geus uninga
bakal katatamuwan wali
kacirina dina cahyana

Enya eta bakal ganti jeng nabi
aing geus karasa
aya jalma nu ngalindih
aing bakal diparentah

Seh Nurjati tuluy bae damel ttulis

ka Sunan Purba
lamun tuwan hoyong panggih
reujeung ngaran Seh Nurbayan

Enya eta pandita ngaraga jati
teyangan sing kapendak
lamun rek muwakah ilmi
hhal agama rosululloh

Nu kocap Sunan jati Purba geus sumping
kana guwa teya
hanteu aya Seh Nurjati
ngan nyampak tulisna

unggel serat geus kaharti
tapi geus ningal
wujudna Seh Datulqoni
dina cincin merebot teya

Seh Nurjanti geus nulis deui
dina batu bodas
unggellna mun tuwan Sarif
hoyong tepang jeung pandita

jujug bae ka patapaan Gunung Jati
tapi anjeuna mah
yaktos teu ka Gunung Jati
angkatna ka masjid Pangjunan

Sunan Purba engggeus mendak deui tulis
kaharrtos unggelna

ka Gunung Jati geus sumping
di dinya hanteu kasampak

Geus katingal dina cincin merebot putih
seug nyaur Sunan Purba
geura nyumput masing buni
da moal burung kapendak

Najan kahalangan ku bumi jeung langit
aing geus uninga
geus angkat imam raspati
sumping ka masjid Pangjunan

Datulqoni barang sumping ka jero masjid
langkung heran manah
geus nyampak Seh Sarif Kamil
ongkoh aing ti heula

Geus patepang sasalaman bae gasik
enggeus linggih duwaan
lajeng nyaur Seh Nurjati
teu pada mucung budina

Kahaturan tuwan anu anyar tawuh
jeung ti mana asal
jeung neangan naon tuan teh
geus dijawab sadayana ku Sunan Purba

Jisim kuring yaktosna seja guguru
Seh Jati ngajawab
hal perkawis naon bae

jawab deui hal-hal kalimahing sahadat

Seh Nurjati tuluy mindo deui nyaur
nanging mudu suumpah
urang duwaan sing jempe
saha cidra bisi jaga manggih bahaya

gancang carita ayeuna dicatur
duwaan geus sumpah
geus muwapakat ilmu kabeh
taya pisan bedana estu saruwa

Seh Nurjati geus maparin kittab alus
ku Sarif ditampa
pisaur seh Nurjati teh
geus pinasti kersaning yang maha mulya

Lamun tuwan nu jeneng wali kutub
ngarehrot sajagat
nelah Pangeran Cirebon
nu susuhunan Jati Purba

Kitu deui sim kuring nu nyebut guru
kalinggih ajengan
tina sabab enggeus tangtos
tuwan anu kudu anggeus kadodokan cahya

Nurhayuning para nabi enggeus kumpul
nu nyangking sareat
agama nabi nu kahot
Sunan Purba enggeus nampi piwurukna

Barang Sarif tidinya sejana munjung
Seh Jati geus musna
tipayun Sunan Purba teh
enya tea jumeneng Seh Lemah Abang

caliknna Seh Lemah atawa Pangeran Malati estu
Sarif langkung heran
tapi geus katingal bae
hanteu samar dina merbur putih teya

Calikna Seh Lemah Abang geus kamaphum
ari kitab teya
lajeng dibukaan bae
enggeus cocog taya pisan gesehnna

Sunan Purba tinya harita geus tuluy
mere ka ibuna
gancangna enggeus cumoncang
geus muwapakat
perkawis elmu sadaya

Langkung atoh Sunan Purba ningal ibu
kasampak geus tampa
ngelmu sajatina teh
Babu Dempun lajeng nyaur ka putrana

Ibu nguping caritaan anu tangtu
yen di tanah wetan
aya jalma langkung sohor
enya eta jenengan Seh Amrulloh

Di Gunung Mariya keur ngawuruk elmu
muridna geuus reya
para pangeran bupatos
Sunan Purba pok ngawangsul ka ibuna

Lamun kitu ibu teh di diyeu kantun
Sim kuring rek beat
Ibuna geus idin bae
Sunan Purba geus jengkar leupas angkatna

Tunda heula Seh Amrulloh anu dicatur
geus reya muridna
pangeran-pangeran bae
tuluy eta kasantrina Seh Amrulloh

Eh sakabeh murid urang eta lamun
hayang jadi mulya
kudu ngalalampahkeun bae
tararapa neyangan kalimah sahadat

Karana wajib dikanyahokeun kudu
ku kabeh manusa
sadaya nya geus sanggup bae
Pangeran Kendal ngabisu eta tapana

Enggeus pamitan Pangerran Kendal ngabisu
Pangeran masdun tapana
munjum dina basisir bae
mencerong panonpoe eta Ppangeran kajoran

Sadayana pada pamitan kaguru
ngalampahkeun tapa
neyangan sahadat jati teh
sareng lamun hayang mulya mudu tepang

Eta jeung Seh Purba wali kutub
wakilna muhammad
geus budal pangeran kabeh
anu kantun She Amarulloh nyalira